Зыщ ди блэкІари, зыуэ щрет ди къэкІуэнури!

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№29 (24.467) ● 2023 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 14, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Адыгэ макъ

Лъэпкъ газетхэм я къыдэкІыгъуэ зэхэт

Черкес хэку

Республикэм и цІыху пашэхэм йочэнджэщ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иджыблагъэ Прохладнэ къалэ округымрэ Тэрч муниципальнэ районымрэ щыІэщ икІи а щІыналъэхэм я цІыху пашэхэм яхуэзащ. Муниципалитетхэм къыщыззрагъэпэщащ зэІуцІэхэм къырихьэлІаэхэм абы фІыщІэ яхуищІащ дзэ операцэ хэхам хэт зауэлІхэм, ахэр къызыхэкІа унагъуэхэм яхуэфэщэн гулъытэ сытым дежи зэрыхуащІым папщІэ.

ПРОХЛАДНЭ къалэм и жылагъуэ лІыкІуэхэм я зэІуцІэм къыщыщІипсалъэм республикэм и унафэщІым ядиІыгъащ дзэ операцэ хэхам лІыхъужьыгъэ къыщызыгъэлъэгъуаэхэм я цІыкІэ къалэм аллее щхьэхуэ къыщыззэгъэпэщыныкІэ къыхалъхьа жэрдэмыр. КІуэкІуэ Казбек къыхирэщхьэхуакІащ мыхьэнэшхуэ зиІэ а Іуэхум теухуа республикэ проект зэрагъэхьэзырыр.

Районым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм кърикІуахэм, апхуэдэу лъэпкъ проектхэр, федеральнэ, щІыналъэ, муниципальнэ программэхэр гъэзэщІэныжмкІэ адэкІэ кьапэщытхэм я гугъу щищІым, республикэм и Іэтащхьэм жиІащ: «Прохладнэ къалэм, абы и цІыхухэм икъукІэ куэд хащІыжащ Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и социальнэ, экономикэ зыужьыныгъэм».

Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Архангельский Вячеслав зэІуцІэм къырихьэлІаэр щыгъуаэз ищІащ 2022 гъэм ирагъэкІуэкІа лжэныгъэм кърикІуа Іуэху нэхъыщхьэхэм. «Къэбардей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьныр» къэрал программэм ипкъ иткІэ курыт едгащІэ №942-м къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ, иджыпсту ухуакІуэхэр гимназие №96-м щолажьэ. «ЕгъэджэнигъэІ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ едгажьІуэ 560-рэ зэкІуэлІэн янэщІэ Пушкин А. С. и цІэр зезыхьэ школ №98-р эдэщІта щІыпІэм къыщрагъэжьащ, сабий 785-рэ зыщІэхуэн нэгуэщІ зы школыщІи яухуэ. «Спортыр гъащІэм и мардэщ» федеральнэ проектым хиубыдэу сабийхэр щыджэгун, я уэзыншагъэр щагъэсфІэкІуэн щІыпІэу 4 хъэзыр ящІащ.

Пэжьыгъэхэр щыщІохуабжьэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэм и ІэнатІэм: псы зрикІуэ бжьамийхэр зэрахъуэкІ, унагъуэхэм я кІэрыхубжьэрыхуэхр щызэхуахьэс контейнерхэр кьагъэщІэрэщІэж, альтандзрэ газ зимыІа унагъуэ щхьэхуэхэм пщІэншэу а гъэсэныпхъэр хуищІащ.

Кущ. зэфІагъэкІащ: «ФІагъ лъагэ зиІэ гъэзэгу шынагъэншэхэр» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ. Иужьрей илъэсищым автомобиль зекІуэлІэу километр 16 техническэ мардэхэм кьеэзэгъэу зэрагъэпэщыжащ, километри 9-м уэздыгъэхэр щысфІадзащ. Головко А. и цІэр зезыхьэ, километри 5 зи кІыхьагъ уэрам нэхъыщхьэр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ, дызыхьхьа илъэсым зыхуэй хуагъэзэнчу Щхьэхуитныныгъэ уэрамыр, километри 4,2-рэ хъуэр.

2023 гъэм кьалэм школитІ щІэуэ къыщыззІуахьынущ, курыт едгажьІэ №102-мрэ гимназие №96-мрэ я едгажьІэ янэжэр къызыхуэтыншэу зэгъэщыжьын яухынущ. Апхуэдэу узыншагъэр хьумэныкІэ пэублэ ІэнатІэр къэгъэщІэрэщІэжьныкІэ программэм ипкъ иткІэ район поликлиникэр зыхуэй хуагъэзэнчу икІи иджыпсей ІэмэпсымэхэмкІэ къызэрагъэпэщынущ. Прохладнэ къалэм фэтэр куэд хьууэ дзт унэхэм ящІыщу 7-м я унашъхьэкІэ зэрахъуэжьынущ, цІыху куэд щІэзыхуэс щІыпІэу 2, пщІантІэу 9 зэІуэпэщ ящІынущ.

КІуэкІуэ Казбек зэІуцІэм кърихьэлІаэр щыгъуаэз ищІащ къалэм и промышленнэ предприятэхэр зэтегъэувэжьыным хуэунэтІа-уэ иджыпсту ялэжьхэм. Апхуэдэу абы жэуап иритащ жылагъуэ транспортым зегъэужьным пыщІауэ щІыхуэр зэращІэунщІам. Мы Іуэхум мыхьэнэшхуэ иІэщ икІи абы теухуа программэ хэха республикэм щыІэхэлъхьащ, зэрыгурыІуэгъуэщи, Прохладнэ къалэри хиубыдэу. Иджыпсту транспортымрэ ар тэмэму зэрызэрахьэ Іэмэпсымэхэмрэ нэхъыбэу къызэрыщІэхуным яужь дитщ. А Іуэхугрщ щІыхуэм я тыншыгъуэкэр нэхъыбэу зэпытащ. Мы лэжьыгъэм зэрыхуэзэфІэкІкІэ хэтынущ фи кьалэм и муниципалитетри».

ЗэІуцІэм и кІуэхым щхьэхуэу тепсэльыхьащ егъэджэныгъэмрэ узыншагъэр хьумэнымрэ я лэжьакІуэхэм я улахуэкэр къэІэтынымрэ, лэжьапІэхэр зэрат щІыкІэр егъэфІэкІуэнымрэ, а ІэнатІэхэм Іуэхум хуэІэкІуэлъакІуэ Іэщ Іагъэлъ Іэр кьеІуэлІэнымрэ.

Тэрч муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм кьызэригъэпэща зэІуцІэм къыщыщІипсалъэм муниципалитетым и Іэтащхьэ Дадэ МуІэед республикэм и унафэщІыр щыгъуаэз ищІащ 2022 гъэм ирикІуа Іуэху нэхъыщхьэхэм. Лъэпкъ проектхэр ЗэІэщІэнымрэ пыщІауэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэхэм я фІыгъэкІэ социальнэ ІэнатІэм хиубыдэ Іуэхущ Іанэхэм я зэфІэкІым нэрылъагъуу зиубгъащ. Абыхэм ятІкІ илъэсищым щІимыгъуа сабийхэр зэкІуэлІэну Іуэхущ Іанэ 4 къызэІуахащ, школу 4, школ псоми я спорт залхэр зэрагъэпэщыжащ. Апхуэдэу зыхуэй хуагъэзащ Дей, Акъбащ Илщэ кІуэжьхэм я щэнхабзэ унэхэр, Тэрч кьалэм гъуажджэхэмкІэ и сабий школыр. Унэ кхъахэхэм щІэсхэр гъэІэпхъуэнымкІэ программэм ипкъ иткІэ 2020 - 2022 гъэхэм кьриубыдэу псэупІэщІэхэр кьратащ жьы дыдэ хъуа унэу 15-м щІэсахэм. Муниципальнэ бюджетым и къэкъкІэ Тэрч кьалэм апхуэдэу жылагъуэу 8-м псы зрикІуэ бжьамийуэ километр 15 щІэзэрахъуэкІащ. Иужьрей илъэсищым кьриубыдэу щІыхуэ зэхуэсыпІэу 10, кьалэм хиубыдэ пщІантІэу 20 зэІуэпэщ ящІащ, гъэгуу километр 48-рэ зэрагъэпэщыжащ, абыхэм ящІущу километр 18-м уэздыгъэхэр щыфІадзащ. ЩІыІэ мардэхэм кьрибыдэу дызэрыт илъэсым зэрагъэпэщыжынущ Арыкъ кьуажэм кІуэ гъэугур, Тэрч кьалэмрэ Плановскэ кьуажэмрэ я уэрам щхьэхуэхэр. 2023 гъэм кьапэщыт кьалэнэхэр нэхъ щІыкІуэкІым. А илъэсым хиубыдэ мурадхэм ящІущу сабий 800 зэкІуэлІэну школ Тэрч кьалэм щІыуэгъуэнэр, Терекэкэ кьуажэм ихабзэмкІэ и унэр, район сымаджэщым и сабий поликлиникэр, Урожайнэ кьуажэм дэт амбулаторэр кьызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыныр, мафІэсхэм ебэныныжьІэ ДЕПО Ново Хьэмидей кьуажэм кьащІэзэІухыныр. А псоми кьадэкІуэу зэрагъэпэщыжьынкІэ Тэрч кьалэм и школу щІа, Терекэкэ, Урожайнэ, Курп Ищхьэрэ, Акъбащ Илщэ, Хьэмидей кьуажэхэм я школхэр. Апхуэдэу Іэкъуурушхуэ ирахьэлІэнущ жылагъуэ зэхуэсыпІэхэр, пщІантІэхэр, фэтэр куэд хуэу унэхэр зэІуэзэпэщ щІыным.

ЗэІуцІэм и кІуэхым КІуэкІуэ Казбек гуныІтэ хуищІащ, жылагъуэхэр псыкІэ кьызэгъэпэщыным, псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэм и Іуэхущ Іанэхэм я зэфІэкІыр кьэІэтыным, мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьным. Апхуэдэу унафэщІэм я пщэ ириитьхащ Дей кьуажэм и амбулаторэ уэхуэныкІэ, Курп Ищхьэрэ кьуажэм и курыт едгажьІэр кьызэхуэтыншэу зэгъэпэщыжьнымкІэ ягъэуба пІалъэхэм нэхърэ нэхъ пасэу лэжьыгъэхэр зэфІэгъэкІынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм хэплъэну.

Адыгэхэм тхыбзэ диІэу къызэральытэрэ мы гъэм илъэси 170-рэ ирокъу. Тхыдэ дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкІэ, 1853 гъэм гъатхэпэм и 14-м дунейм къытехьауэ щытащ адыгэбзэкІэ тха япэ тхылъыр - «Адыгэбзэ псалъалъэр». Ар зи къалэмыпэм къыщІэкІар лъэпкъ щІэныгъэлІ Бырсей Умарщ. А зэманым къыщыщІэдзауэ адыгэхэм ди тхыбзэ диІэжу, ар гъащІэм къыщыдгъэсэбэну, Іуэху иризэритхьэу дунейм дытетщ.

ДИ анэдэлъхубзэм хуэфащэн пщІэрэ гулъытэрэ иІэн папщІэ, адыгэу дунейм тетым ди лъэпкъ зэгухьэныгъэ нэхъ ин дыдэм - Дунейпсо Адыгэ Хасэм - илъэс 20 ипэкІэ, 2003 гъэм, абы теухуа унафэ щхьэхуэ къыщытащ. Абы лъандэрэ илъэс кьэс гъатхэпэм и 14-м Адыгэ тхыбзэм и махуэр дгъэлъапІэ, Бырсейм и «Адыгэбзэ псалъалъэр» кІыщыдэкІар и лъабжьэу.

Лъэпкым и анэдэлъхубзэр дамыгъэ хэхахэмкІэ кьэгъэлъэгъуауэ, ар кьыдекІуэкІыу, зиужьу, къыщІэхъуэ щІэблэм Іуэрыдыр кьэтэджэныр - ар уасэ зимыІэ фІыгъэушхуэщ. Адрей тхыбзэхэм еплъытмэ, адыгэ тхыбзэм къикІуа гъуэгуанэр кІыхькъым, арщхьэкІэ абы зыкІи игъэльахьышэрхьым и лъапІагъэр, игъэмащІэркъым и Іэфіагъэр. Ди лъэпкъым бгъэдэлъ зыужьныгъэм, щІэныгъэм, гъэсэныгъэм, щэнхабзэм я лъапсэщ ди анэдэлъхубзэр. А фІыгъуэм, ди адыгэбзэм, зиужьыным, зиуэщІыным и Іуэхум сыт хуэдэ зэманми ди лъэпкъым и щІыху пэрытхэр, зэкъупсэ нэсхэр иропІейтей. Пасэ зэманым абы елэжьа-хэщ лъэпкъ уэзщІакІуэхэу щІэныгъэ ин Хьанджэрий Сулътан, Нэгуэмэ Шорэ, ХьэтІохъущокъуэ Къазий, Тамбий Пагуэ сымэ. Абыхэм кьрахьэжьа Іуэхум пищэу, адыгэбзэм и зэфІэгъэувэным пэрытащ лъэпкъ еджагъэшхуэ Бырсей Умар. Абы и кьалэмыпэм кьыпыкІа, адыгэбзэкІэ тха апэ тхылъым - «Адыгэбзэ псалъалъэр», нобэрей щІэныгъэлІхэм къызэральытэмкІэ, а зэманым мыхьэнэшхуэ иІащ: апэрауэ, лъэпкъым бзэ иІэу кьалытащ, етІуанэрауэ, апхуэдэ макъ зэращІэжьуэр хьэрфхэмкІэ къэгъэльэгъуа хуэщащ. Апхуэдэу адыгэбзэм и зыужьныгъэм зэуэнэтІауэ щытащ еджагъэшхуэм зэман кІыхькІэ иригъэкІуэкІа нэгуэщІ къэхутэныгъэхэм. Бырсейм и лэжьыгъэм пащІащ абы иужь ита ди лъэпкъ щІэныгъэлІхэм, къэхутакІуэхэм.

ЛІэщІыгъуэ блэкІам и пэщІэдзэм екІуэкІа Жэпуэгъуэ революцэшхуэм и иужькІэ адыгэбзэм и хьэрфхэр зэрысыбзэм и дамыгъэхэмкІэ къаІэтэльагъуэ хуэщащ. ИльэситІащ нэхъ дэмыкІыу бзэм и макъыкэр хьэрыпІэльэм хуагъэкІуэжащ. АбыкІэ къэбрдей школхэм щрагъэжьащ илъэс зыбжанэкІэ. ИужькІэ, 1923 гъэм и пэщІэдзэм, адыгэбзэм зегъэужьным хуэунэтІа зэІущІэ ин Псыхуабэ щрагъэкІуэкІащ. Абы унафэ кьыщацащ адыгэбзэр латин графикэм тегъэуэвэн хуейуэ. ЛъэпкъыбзэУ дуней тетхэм я нэхъыжьхэм хабжэ ди адыгэбзэр латин хьэрфхэмкІэ къэгъэльэгъуэным яужь ихьауэ щытащ адыгэ щІэныгъэлІ, еджагъэшхуэ, хэкупсэ нэс Хьуран Батий. Латин хьэрф тхыкІэм абы иригъэзэгъа адыгэбзэм и алфавитым цІыхубэр щыгъэгъуэзэн мурад яІэу адыгэ щІэныгъэлІхэу Елбэдэ Хьэсэнрэ Къэшэж ПІалибрэ 1923 гъэм кьыдагъэкІауэ щытащ «Адыгэбзэм и азбукэ» тхылъыр. КъыкІэлъыкІуэ илъэсым, алыфбеищІэм зэман пыуыкІакІэ хэплъэжа нэужь, абы хэлъ ныкъуэсанигъэхэр игъэзэкІуэжщ, зыхуищІыщІэхэр хилъхьэжри, Хьураным 1924 гъэм «Буквар» къыдигъэкІауэ щытащ.

Адыгэ тхыбзэм зегъэужьным и зэманым хэлъхьэныгъэшхуэ хуищІащ «Къэрэхьэлъкъ» япэ лъэпкъ гъазетми. Абы алыфбеищІэр бжыгъэр мин 33-м щІигъуэ. Ар хэхуауэ 2010 гъэ лъандэрэ. Иджыпсту адыгэхэр дохъу цІыху мин 750-м щІигъу. Ар хъарзынэт, мыр хэмыльэмэ: зи анэдэлъхубзэр зыщІэу зезыгъэтха адыгэхэм я бжыгъэм блэкІа илъэси 10-м хэхуауэ цІыху мини 100-м нэблагъэкІэ хэщІащ. Лъэпкъым и цІыху псори (къэралым исхэр) кьапщтэмэ, анэдэлъхубзэр зыІурылъыжыр абыхэм я процент 70-м щІигъуращ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, цІыхуи 10 къэс 3-м адыгэбзэр ящІэркъым, яІурылъкъым, унагъуэхэми, гъащІэми, Іуэхущ Іанэмэ кьыщагъэсэбэлырхьым. Ар хэплъагъуэщ.

КъэкІуэну дахэ кьызыпІэлъэ лъэпкъ узынщэу дыщытын папщІэ, ди анэдэлъхубзэм, «ахэр лъэпкъщ» кьытухжезытъэІэ ди бзэм дэтхэнэ адыгэми пщІащхуэ хуищІу, лъагъуныгъэ мыкІуэщІ хуиІэу щытын зэрыхуэйр хьэкъщ. Апхуэдэущ зэрыпсэуэр дяпэ ита нэхъыжьхьэфІхэр, абы дытетын хуейщ нобэрей адыгэхэри, кьытщІэхъуэ щІыблэри. «Ди бзэр ди псэщ», - жаІэ адыгэхэм. Тхыбзэри аращ. УсакІуэ КІыщокъуэ Алим адыгэбзэр дэтхэнэ ди цІыхуми и гъуэгу кьежьапІэу, ди лъэпкъыр зыІэт, адрейхэм езыгъэльагъу, езыгъэщІыху дамэу, адыгэр дызэрыгушхуэ, дызэрыпагэ, ди напщІэм телъ лъапІэныгъэу кьиІыытащ. Бзэр ныкъуэ хъумэ, хабзэмэ хощІ, лъэпкъ щэнхабзэри мэлъэныкъуабэ. Лъэпкъыр щІэныныкІэ мыхьэнэ ин зиІэ а Іуэхум ириплейтейуэ усакІуэ гъуэзэджэ Бемырзэ Мухьэдин щІыжиІэгъэри аращ мы псалъэхэр:

Бзэм и макъхэм ди тхыдэр,
Ди йиІэм, ди псэр хэпщащ.
Бзэр тхъумэну зымыдэр
Ди биям къагъэщІащ.
Бзэр тІэщІэкІмэ, докІуэдыр.
Лъы зыщІэтыр фысакъ.
Псы зыщІэтыр текІуэну,
ВгъэІу бзэ хуабэм и макъ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ,
«Адыгэ псалъэ» газетым ягъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и къудамэм и унафэщІ.

Гъатхэпэм и 14-р Адыгэ тхыбзэм и махуэщ

Ар тІэщІэкІмэ, докІуэдыр

Зы тхыбзэ зэщхьу диІатэмэ



Дунейпсо Адыгэ Хасэм 2003 гъэм къыхилъхьауэ щыта жэрдэмым ипкъ иткІэ гъатхэпэм и 14-р лъэпкъ махуэгъэпсым Адыгэ тхыбзэм и махуэу щагъэнэхуащ. Абы лъандэрэ зэрыдыдэу дунейуэ ар ягъэмэхуэщІ икІи Іуэхугъуэ купщІафІэхэмкІэ зэдаІэт. Бзэр лъэпкъым и дамэщ. Араш абы и лъэпкъыщхьэр адрей жылэхэм яхэмыззэрыхьу къыхэзыгъэщІыр, и щхьэхуэныгъэхэр зэпэзыгъэлыдыр. МахуэщІым лъэпкъым дежкІэ иІэ мыхьэнэр къэтІэльэтэри, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ.

- Хьэутий, сыт хуэдэ мыхьэнэ иІэ лъэпкъым дежкІэ дунейм адыгэу тетым зэдагъэльапІэ Адыгэ тхыбзэм и махуэм?

- Бзэхэм, псом хуэмыдэу лъэпкъ мащІэхэм я анэдэлъхубзэхэм, я къэкІуэнри елъытащ къэралым абыхэм яхуищІ пщІэмрэ ярит увыпІэмрэ. Къэралым жылэхэм яхуищІ Іуныджьи абыхэм я экономикэ псэухІэм ирит гулъытэм къыщымыувыІэу, я псэкупсэ дунейм зиужьын папщІэ зэрадзэкІуэ щыкІэхэмри къыхощ. Лъэпкъэр щызэгъэІэ хъугъэфІыгъуэхэм ар я щыжькІуэ щыхъум дежщ хэгъэгу нэхъ щІыхьэри, цІыхубэр нэхъ щызэкъуэувэри. Мыр узыфІэмыкІыжьын хьэкъщ. Къэралым телъ хьэкъым нэхърэ нэхъ мащІэкъым лъэпкъым и анэбзэр хьумэным хуэунэтІауэ иІэ пщэрыльхэр. Адыгэ псомри ди зэхуэдэ кьалэнщ ди бзэм пщІэ хуэтщІыныр, абы и дахагъым хэдмыгъэщІыныр, зэфІэкІыу бгъэдэлъым хэдгъэкъуныр. Дыкъызытехьа дунейр зэрыгубІэлъапІэм хуэдэу, нэр напІэм зэрихьумэм хуэдэу, адыгэм щыщу зыкъэзылъытэр дэтхэнэми и фарзщ и бзэр ихьумэну, абы зригъэужьыну. Хьумэным кьикІыр зыщ - абы зэпымыуэу ирипсэлъэн хуейщ. Бзэм ирипсалъэмэ, зиужьынущ, ефІэкІуэнущ, зиІэтынущ. Щэч зыхэмылъыжьраци, бзэр димыІэжмэ, лъэпкъ щхьэхуэуи дыщыІэжьынущ.

Адыгэ тхыбзэм и махуэр махуэщІ къудейкъым. Ар лъэпкъым и пащхьэ иль Іуэхугъуэ зэІумыбзэр иджыри зэ уигу къэзыгъэкІыж, щІэрыщІэу утезыгъэпсэлъыхьыж, я зэфІэхыпІэ-зэблэгъэзэкІыпІэхэр къозыгъэпсыльхьуэж махуэщ. Сэ къызэрыщыхъымкІэ, зы тхыбзэм тет анэдэлъхубзэ адыгэхэм диІатэмэ, бзэр хъумэным ехъа ди ІуэхугъуэкІэ хэхъ тыншу хьунут. Ар тхуэзэфІэкІатэмэ, дунейм адыгэу тетыр зэщхьу тхэнут, щІы хьурейм тепхьауэ псэу лъэпкъыр нэхъри зэпищІэнут, зэрипхынут, зэгуригъэІуэнут, кьару нэхъыбэ кьыхилъхьэнут. Гугъущ мы Іуэхур, ауэ ткІийуэ иужь уиухьэмэ, пхуэзэфІэмыкІын хэлъкъым. Пэжщ, илъэс куэд щІауэ дызоч-онджжаш мы гупсысэм теухуауэ, ауэ жэуапІыныгъэшхуэ зыпылъ мы Іуэхугъуэм зэпэщэчэн хуей куэд хэлъ.

(КІэлъыкІуэр 2-нэ нап.).

ХъугъуэфІыгъуэхэм я къигъэхъуапІэ

**Щы хьурейм адыгэу тетыр зэзыгъэуІу, я лъэпкъ щІэжыр къэзыІэт, къыдэгъуэгурыкІуэ щІэныгъэ икІи щэнхабзэ хьугъуэфІыгъуэхэм хуеэзыгъэпльэкІ Іуэхугъуэ дахэ ди лъэпкъэгъуэхэр щыпсэу щІыпІэхэм иджыблагъэ щекІуэкІащ. «Адыгэ Іуэрытх» - аращ зэреджэр Дунейпсо Адыгэ Хасэм илъэс зыбжанэ ипэкІэ къыхилъхьа зэрадзэм щІэблэм я Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьэлІэу къызэрагъэпэщ мы Іуэхугъуэ дахэм зэрыщалІэр лъэпкъым и къэкІуэнум иригъэмащІ зэгъэгупсэхэм я закъуэкъым, атІэ абы къызэщІеІэтэ «Сыдыригъэ» жызыІэ дэтхэнэри, къызыхэкІа лъэпкъым и зы нальэу зэрыщытымкІэ гукъыдэж къариту, лъэпкъышхуэхэм яІэщІэлъ тхыгъэбзэмрэ тхылъыбзэмрэ хуэдэ зэраІэмкІэ гушхуэныгъэ хъахилъхьэр.

ГЪАТХЭПЭМ и 14-м ирыригъэхьэлІэ мы Іуэхугъуэ дахэм пщэрылъ зыщещІыж адыгэбзэм и пщІэр къиІэтыну, ар иригъэфІэкІуну, абыкІэ щІэныгъэ зэбгъэзгъэтыныр зэбгъэпэщыныр Іэмал зэрадзыр щІэблэм я фІэщ иущыну. Бзэр зэрыгъуанпкъэнщэм, абыкІэ къыпхуэмыІуэзэнэр пхужьмыІэнрэ зэрыщымыІэм къызэгъэпэщакІуэхэм шэч къытрахьэрэкІ. Арыххэри анэдэлъхубзэкІэ угупсысынкІэ,

Зы тхыбзэ зэщхьу диІатэмэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Ди щІэблэм анэдэлъхубзэр зэредгъэдж тхылъхэми мыхьэнэшхуэ яІэщ. Ахэр ауэ сытми бзэхабзэм и ІэхэугъэхэмкІэ дгъэнщІкІэ зэфІэкІныкъым. ДызыхэпсэукІ гъащІэм еэзгъыу, иджыпІ ныбжьыщІэхэм я дуней гъьаГъукІэм пэджажу, ауэ, нэхъыщхьэращи, зэхэщІыкІ лъагэрэ щІэныгъэ куурэ кьаритуу щытыпхъэщ. Ди гуапэ зэрыхьунщи, мы ІэхэугъэмкІэ лъэбакъуэ хъарзынэхэр ча хъуащ. АдыгэбзэкІэ псалъэхэми, адыгэм щыщу анэдэлъхубзэр зыІурымыльхэми яхуэгъэзэнуэ программэ щхьэхуэхэр зэхэгъэуэ хъуащ, тхылъыщІэхэри кьэдгъкІащ. Ди егъэджакІуэхэр псэемыблэж защІэщи, а тхылъхэм гъэзгу иратыну, бгъэдэлъхьэкІэ ІэмалыщІэхэр халъхьэну дыщогугъ. Мы Іэхэугъуитіри зэрыригъаджэ тхылъхэр федеральнэ тхылъ зэужьым (федеральный перечень учебников) хэгъэхьэным. Ди бзэр хъумэным и зы шэсыпІэ лъащІу ари.

Апхуэдэу, адыгэбзэм и пщІэр кьэІэтыным хуэунэтІаУэ ДАХ-м илъэс къэс зэрыадыгэ дунейуэ Адыгэ тхыбзэм и махуэр ГъатхэпэМ и 14-м егъэлъапІэ. ЦІыху кУэдым гурыхь ящыхъуащ илъэс зыбжанэ хъуауэ едгъэкІуэкІ «Адыгэ диктантыр». Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьалІэу кьысэгъэпщІа хъуа мы Іэхэугъуэр ДАХ-м кьыдгъэІущащ КЪР-м, КЪШР-м, АР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ я министерствэхэм, щЫпІэ университетэм, езы ДАХ-м кьыхьыхь хасэхэм, хамэ къэрал щыІэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм.

Адыгэбзэм ехьэлІа Іэхэугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьызэщІэзыуфыбда зэІуущІэхэр, Іэнэ хъурейхэр, щІэнІуатэхэр щІэх-щІэхыурэ идогъэкІуэкІ, дэтхэнэми практикэ мыхьэнэ иІэу, абыхэм кьыщыІуэта хъуа гупсысэхэр лъэпкъым деж нэсын хуэдэуи гъэпсэуэ. Адыгэбзэр - лъэпкъым и лъапІэныгъэ нэхъыщхьэ дыдэщ. Бзэм щхьэщыт шынагъэ ДАХ-м и къарукІи, къэрал ІэмалхэмкІи пхуэгъэкІуэдынукъым, абы езы лъэпкъыр пэщІэмыуВэмэ, ар фІыуэ пщІэнэр сыт хуэдэ екъуІэнныгъэми я щхьэу зэрыщытыр къыгурымыІуэмэ. Ди гупсысэр зым хуэунэтІаУэ дыщыІэжькъуэтым деж дыІэпкъым.

- Адыгэ тхыбзэм и махуэм ехьэлІауэ сыткІэ зыхуэзбгъэзэнт, Хьэутий, лъэпкъым?

- Лъэпкъ фІыгъуэхэм пэжыжьэхэр хэкум и цІыху нэсу къыпхуэхъуныгъэкъым. Зи анэдэлъхубзэр фІыуэ зыщІэ сабийм нэхъ тыншу кьещтэ икІи зрегъащІэ нэгъуэщІ лъэпкъхэм я бзэхэри. Кьапщтэмэ, анэбзэм хуэмышІыгъэр урысибзэми хуэІэрымыкІыщ. ЩІэныгъэ лъабжьэ зиІэр пэжыращи, анэдэлъхубзэращ цІыхум бгъэдэлъфыбну хьэл-щэн хэхъыфІхэм, зэфІэкІхэм я кьиГъэхъуапІэ хъур. «Анэдэлъхубзэм кУэдым ухуреГъаджэ, бгъэщІагъуэу тынШу, зи тІасхъэр кьыпхуэмыщІэ гъэпсыкІэ хьэлэмэтши тету», - итхыгъащ Ушинский Константин.

«КІуэдыжьынкІэ шынагъуэ зыщхьэщыт бзэхэм я атлас» фІэщыгъэр иІэу ЮНЕСКО-м къыдигъэкІа тхылъым ихуащ Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр, адыгэбзэри яхэту. Ар гупсысэ куухэм ухэзыдзэ ІэхэугъэщІи, лъэпкъыкІи щыщ дзэгъэмэи щыгупщэ хъунукъым. Бзэр, псом япэрауэ, хъумэн щыхуэкІи адыгэ унагъуэм. АбыкІэ нэхъыжьхэм ди пщэ кьаІэнышхуэ кьыдохуэ. Дэращ кьуаншэр, кьытщІэхъуэ сабийхэм адыгэбзэ яІурымыльмэ. Ар хьэкъщи, тщыгъупщэ хъунукъым.

Адыгэ тхыбзэм и махуэр Іэтауэ зэдыдогъэпсалІэ. Пэжу, ар гуфІэгъуэщ. Дызэрыпсэуэм икІи дыщыІэну гугъэ дызэриІэм ар и нэщэнэщи. Апхуэдэу щыт пэтми, сыхуейт гуфІэгъуэм хэлъ гупсысапІэхэри ІэщІыб дымыщыну, махуэшхуэм кьыплыуэну адрей махуэхэри купщІэрэ Іэгъуэ дгъэнщІыну. Си Іуэтэу сохьэхъу си лъэпкъъэгъу псоми, фІыгъэшхуэхэр махуэщІым кьыдэкІуэныи сыхуейщ. Фіыщ Іэ яхузощІ адыгэбзэр хъумэным зи кьару, зэфІэкІ, щІэныгъэ езыхьэлІэ дэтхэнэми. УсакІуэм зэрыжиІащи, «ди гум и хущхьэр, псэм и Іэфыщэу анэдэлъхубзэр, анэм и жьабзэр зда-щымыІэм дыщремыІэ». Тхьэм дызэдригъэфІакІуэ!

Епсэлъар
ЩХЬЭЩЭХУЖ Иналщ.

КЪБР

ЛІэщІыгъуэкІэрэ гъащІэм къыпызыщэ

«Сыту насыпыфІэ адыгэбзэ жьгъыруклэ псалъэ лъэпкъыр! Ильэс бжьагъэ кУэдыгъ едгъэкІуэкІа къэхутэныгъэм къызэригъэлъагъуамкІэ, ди щхьэ кулым и зы лъынтхуэ закъуи къэмыпсу къыдогъэсэбэп адыгэбзэм и макъэмрэ хьэрфхэмрэ (ахэр 59-рэ мэхъу) къыщытпсэтыым деж. Фи щхьэ ешмылыпІэуэ, фи щхьэ кулым фІыуэ лэжьэну фыхуейм, адыгэхэм я бзэр зэвгъащІэ...»

КОЛАРУССО Джон,
Канадэм щыщ лингвист-едгъэгъэшхуэ.

ЗыМИ япэ иумыгъэщІыфыну анэм кьыдалъхуа бзэм ухуэпэжыным мыхьэнэшхуэ дыдэ иІэщ. Дунейм укъыщытехьа махуэм щыщІэдзауэ зэхэпх бзэращ уи гупсысэр зэфІэзыгъэувэр.

Иужьрей илъэсхэм кУэдым къагурыІуэжу хуежьащ лъэпкъым дежкІэ анэдэлъхубзэм нэхърэ нэхъапэ зэрыщымыІэр. Анэдэлъхубзэр пщІэныр зэрынасыпышхуэр къыщыбгурыІуэнэр бзэр зымыщІэжэм зыщепльытым дежщ. Сэ къысфІощІ апхуэдэхэм гъащІэм хэмытынкІэ Іэмал зимыІэ зы хъугъуэфыгъуэ гуэр яфІэкІуэдауэ, абы и инагъри ар зыхуэзэрэ и нэхъыбэм кьагурымыІуэу.

Анэдэлъхубзэм и «ІункІыбзэІухэр» зыІыгъри псом япэу ар сабийм езытыкфынури кьыщащІэуа, зрапІыкІ унагъуэрщ, адэ-анэрщ, адэкІэ я бзэм зыщиужьынур едджапІярщ. Ди тхакІуэ, усакІуэ Іуэузджэхэм я тхыгъэ кУпщІафІэхэм удезыгъэхьэхьфын егъэджакІуэ кьыпІэрыхьэнри насыпышхуэщ, мыхьэнэшхуэ зиІэ лэжьыгъэщ дэтхэнэ зы еджакІуэри шэрыуэу и бзэмкІэ псэльэфу ебгъэсэфынри.

А лэжьыгъэ мытынышм зи гъащІэри зи гугъащІри щхьэуэзыхь хуэзыщІ цІыху емыІэзэшхэщ къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмрэ Лэскэн щІынальэм и курыт школэм щезыгъащІ егъэджакІуэхэр. Дэтхэнэми хуэмІІэнэрэ щІыжьыпІэнэрэ фІы и лъэныкъуэкІэ кУэду бгъэуты-ныр. Анэдэлъхубзэр гуми псэми и Іэщэу, лъэпкъ зэхэщІыкІым зезыгъэужь, езыгъэфІакІуэ, нэхъ льагъэ зыщІ и хэкІыпІэу, цІыхум и гупсысэм и кууагъэр кьыхэзащІэр абы и псалъэхэрауэ зэрыщытыр а егъэджакІуэ емыІэзэшхэм я ежьакІуэхэм халІэнныр махуэ къэси я пщэрылъ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ.

Абыхэм я кьалэныр тэрэзу гъэзэщІэнымкІэ дэІэпыкъуэгъу нэс кьахуохуэ Лэскэн щІынальэм къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджэхэм я метод зэгурымэныгъэм и методист Атэлыкъ Альмирэ. Зыхэт гупым елъытауэ Альмирэ кУэдкІэ нэхъ щІалэми, абы хуэзофІакІащ езым и лэжьыгъэ бгъэдыкІэ зэпэщ иуфІэ-зыкуу абы гупыр хуиІэнырэ. Лэжьыгъэ кьапщІыхэр нэсу, щыэу гъэзэщІа хъунымкІэ чэнджэщ щхьэпэхэр кьэозытыф, зыпэрыт Іэхэур фІыуэ зыльльагъу икІи хэзыщІыкІ унафэщІ Іэзэу зыкъыщІэдзауэ я пщащэ гуакІуэм егъэджакІуэ гупым. Альмирэ и жэрдэмкІэ Лэскэн щІынальэм бзэм ехьэлІа зэпеуэ, зэхьыхэ зэмылІэужьыгъуэ кУэд щрагъэкІуэ.

Бзэр зы лъэпкъыр адрей-хэм къащхьэщызыгъэкІ фащэщ, ар имыІэмэ, лъэпкъым и лъэпкъыгъэр фІокІуэщ. Бзэр икІи тхыдэтхэщ - лъэпкъым и блэкІар зыхъумэр, ди деж ахэрэкъэзыхэсар бзэрщ. Абы и фІыгъэкІэ дэ дыщыгъуазэщ пасэрей щхьэм и дуней еплъыкІами, тхыдэм кьыщыхъуа Іуэхугъуэ инхэми. Апхуэдэ къалэныщхуэ зыгъэзащІэ анэдэлъхубзэр зыфІэмыІэфІрэ зыфІэмыдахэу мы дунейм зы лъэпкъи тету кьыщІэкІынкъым. Апхуэдизэ дахагъымрэ ІэфІагъымрэ бзэм зэрыбгъэдэлъыр дерсхэм кьыззэрыщащІэм и щІыхьэту кьызэольытэ республикэ олимпиадэхэм бжьыпэр щызыбудыхэм ди щІыналъэм и еджакІуэ хэмыту зы гъэ закъуи зэрыбгъэлэмыкІыр. Дерс кьудейкІэ егъэджакІуэхэм я лэжьыгъэр кьызэтеувыІэрхьым. Езы егъэджакІуэхэри я гъэсэнхэри республикэ зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм жьджэру хэтхащ. Абыхэм ящыщщ КЪБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм гъэ къэс кьызэригъэпщ «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэр, эссе, сочиненэ нэхъыфІу зытхэм я зэхьэзэхуэхэр, Хьэтіохъуэщокъуэ Къазий и цІэр зезыхь Адыгэбзэ Хасэм кьызэригъэпщ зэхьыхь гъэщІэгъуэн зэхуэмыдэхэр, «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым ди щІалэгъуалэм папщІэ зэхихьэ шэ Іузкугъуэхэр, нэгъэущ кУдэхэри.

Бзэм и гъащІэр зи Іэмыщ Іэ ильяр ззэыгъэпэщ лъэпэ къращ. Ар абы фІыуэ ильагъымэ, тэрэзу игъэлажьэмэ, абы сытым дежи щхьэпІапІэгъуэ иІэнущ. Пъэпкъым ущыщу зыщыфІ бжьыкІэ, а лъэпкъым и нагъыщэ нэхъыщхьэу щыт бзэри пщІэну уи кьалэнщ. Зы бзэкІэ тхар нэгъэущІыбзэкІэ зэрадзэкІ хабзэщ, адрей лъэпкъхэр щыгъуазэ ящІын щхьэкІэ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, ущирихьэлІэ щыІэщ ди тхыгъэ купщІафІэхэм урысыбзэкІэ зэдзэкІауэ кьеджэмэ нэхъ кьэзыщтэ. Си щхьэкІэ насыпыншэу зы кьэсльытэжынут, ди нарт-тыжь пшынальэхэм, ди зы-барыжьхэм, ди тхакІуэ, усакІуэ нэхъыфІхэм я тхыгъэ гъэщІэгъуэнхэм щыгъуазэ сыхъун, абыхэм я Іофыр зыхэсщІэн папщІэ тхыгъэ зэдзэкІаэр кьэзгъэсэбэпын хуей хъуамэ.

Бзэ нэхъ лъэщ дыдэу щыІэжэм ящыщщ урысыбзэр, ар умыщІэу лъэпкъ щэнхабзэ зэмылІэужьыгъуэхэм ущыгъэзэнукъым, ауэ ар тэмэму пщІэнукъым, уи анэдэлъхубзэр нэгъэсауэ умыщІауэ. «Адыгэбзэ ззэмыгъащІэу, урысыбзэр сщІэн слъэкІакъым...» - жиІэращ усакІуэшхуэ КІыщокъуэ Алим. Языныкъуэхэм жаІэу ззэхьбох: «Адыгэбзэр кьулейсыщ, кьарууншэщ, ар бджыуэ зэман щІэбгъэкІуэдын щыІэкъым». Апхуэдэ гупсысэ зиІэр езыр цІыху «кьулейёу» уфІ хъунукъым. Анэдэлъхубзэр фІыуэ зымыщІэм нэгъэущІыбзэм и ІофІагъэ, и дахагъэ кьызэригъуэщэн щыІэкъым. Дэтхэнэ бзэмэ езым и дахэ, и щІэщыгъуагъ иІэжщ. Ар тынШу кьызыгурыІуэнур зи анэдэлъхубзэр фІыуэ зыщІэжырщ. Бзэр кьулей-кьулейсыщ ззэхбдз хъунукъым. Зыхуей псор хуэзбгъэпэщмэ, зыужьынигъэ нэс зымыгъэтын щІэжъыкъым. Апхуэдэ епльыкІэ иІэу щытащ ди адыгэбзэр нэхъ зыгъэлэжьаХэм я пашэу щыта Щоджэнщыкіу Алим. «...Зи бзэр бзэ мыхъуну жьлэ зэкъуи бгъуэтынукъым, тэрэзу игъэлажьэм...» - жызыІа усакІуэшхуэр щІыхь ин зыпльтэ а лэжьыгъэ гугъэм емызэшІыжу бгъэдэтащ.

Ди лъэпкъым и тхыдэр тщІэжу, кьыдэкІуэтей щІэблэр абы щыгъуазэу кьэхъуну дыхуеймэ, кьыддалъхуа бзэр, адыгэбзэр, тхъумэжьыным дэтхэнэ зыри дыхущІэкъун хуейщ. Арыншэу ди лъэпкъым и блэкІари и къэкІуэнри, пшахъуэу лъэпІэжьнуръ, жьым дихьыжьнущ. Апхуэдэ бзэ дахэрэ лъэпкъым и щхьэр лъагэу езыгъэтэфІ бзэ кьулейёр дунейм текІыжьнщ кьэхъункІэ Іэмал зимыІэ Іуэхугъуэщ! Ар къэмыгъэхьунымкІэ къаурушхуэ ирахьэлІэ адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэхэм, ауэ абыхэм кьищынэмыщІауи, адыгэу зызыбжыкІ дэтхэнэми и кьалэнщ мащІэ-куэдми и гуащІэ гуэр абы и зыжьынынГэм хилхьэну. Псалъэм папщІэ, адыгэбзэм уэзрырипсалъэ кьыдейм абы и гъэугуи кьынпхэщ, уэ пІуРылъу зэхьэ бзэрщ уи щІэблэмэ кьищтэнур, апхуэдэуэрэ иджыри лІэщІыгъуэкІэрэ абы и гъащІэм кьыппыща хъунщ.

Си тхыгъэм и кІэхуэу кьэсхьыну сыкуейт си кьуажэгъу Іыгъуэ Бишщо Борис и псалъэхэр: «Адыгэбзэр щІэн, адыгэбзэкІэ псэльэн щІыхуейр абы фейдэ гуэр кьыппыхьн щхьэкІэкъым, атІэ адыгэу укъэнэжьын щхьэкІэщ».

БИЩІО Мафурэ,
Лэскэн щІынальэм къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджэхэм я метод зэгухьэныгъэм и унафэщІ.

Нэмыплъ зыхуэтщІ фІыгъуэ мыухыж

нукъым. Мис а Іэхэугъуитіыр дэтхэнэ зы унагъуэми щагъэзащІэрэ бзэм ехьэлІа къэрал унафэхэмкІэ ар щІагъэбыдзжамэ, дызытегузэвыхьын щы-Іэнтэкъым.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, ежьщ щыІэжьэм, тІэкІу нэхъ щагъэ жьпІэмэ, ахэр мащІэ дыдэ хъуащ. Псоми яхуэзэрымыгъэгъуэт интернетым и сэбэпу кьыдэкІым хуэдиз зэранытІэуи кьеІащ. ЦІыхухэр тхылъхэмрэ журналхэмрэ емыджэжьыныр сытым нэхъ кьыхэкІауэ, ещІэн щІадзэжьын щхьэкІэ сыт хуэдэ Іэхэугъэр уБэхьун хуейуэ пІэрэ?

ГъащІэ лъапІэныгъэхэр нэгъэущІ зэрыхъуарауэ кьыс-щохьу ещІэжьыр зыфІэфІхэм я бжьыгъэм щыкІэрыхуар. Инагъэр зыхуей хуэІэ? ДызэрещІэну, Іэхэугъуэ щыІэгъэ хъэ-лъэхэм зезыпщІ цІыхур ещІэну хунэсырыкъым, ищыкІэ, ярыншауи псэуфыну кьыщохьри, Іэщ Іыб ещІыпІэ. Ар зыльгъэ щІэблэмэ куэ кьыхэкІыркъым тхылъыр и Іэпэгъуэ.

Дунейм кьыщыхьхэм псынщІэу дыщыщІэгъэгъуаэз интернетым и закъуэкъым, хьэмэрэ зэман кьызэрыдмыгъэутыфыкъым я щхьэу зэрыщытыр кьыгурымыІуэмэ. Ди гупсысэр зым хуэунэтІауэ дыщыщэкъуэтым деж дыІэпкъым.

- Адыгэ тхыбзэм и махуэм ехьэлІауэ сыткІэ зыхуэзбгъэзэнт, Хьэутий, лъэпкъым?

- Лъэпкъ фІыгъуэхэм пэжыжьэхэр хэкум и цІыху нэсу къыпхуэхъуныгъэкъым. Зи анэдэлъхубзэр фІыуэ зыщІэ сабийм нэхъ тыншу кьещтэ икІи зрегъащІэ нэгъуэщІ лъэпкъхэм я бзэхэри. Кьапщтэмэ, анэбзэм хуэмышІыгъэр урысибзэми кьыпльыкІыщ. ЩІэныгъэ лъабжьэ зиІэр пэжыращи, анэдэлъхубзэращ цІыхум бгъэдэлъфыбну хьэл-щэн хэхъыфІхэм, зэфІэкІхэм я кьиГъэхъуапІэ хъур. «Анэдэлъхубзэм кУэдым ухуреГъаджэ, бгъэщІагъуэу тынШу, зи тІасхъэр кьыпхуэмыщІэ гъэпсыкІэ хьэлэмэтши тету», - итхыгъащ Ушинский Константин.

«КІуэдыжьынкІэ шынагъуэ зыщхьэщыт бзэхэм я атлас» фІэщыгъэр иІэу ЮНЕСКО-м къыдигъэкІа тхылъым ихуащ Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр, адыгэбзэри яхэту. Ар гупсысэ куухэм ухэзыдзэ ІэхэугъэщІи, лъэпкъым. щыщ дзэгъэмэи щыгупщэ хъунукъым. Бзэр, псом япэрауэ, хъумэн щыхуэкІи адыгэ унагъуэм. АбыкІэ нэхъыжьхэм ди пщэ кьаІэнышхуэ кьыдохуэ. Дэращ кьуаншэр, кьытщІэхъуэ сабийхэм адыгэбзэ яІурымыльмэ. Ар хьэкъщи, тщыгъупщэ хъунукъым.

Адыгэ тхыбзэм и махуэр Іэтауэ зэдыдогъэпсалІэ. Пэжу, ар гуфІэгъуэщ. Дызэрыпсэуэм икІи дыщыІэну гугъэ дызэриІэм ар и нэщэнэщи. Апхуэдэу щыт пэтми, сыхуейт гуфІэгъуэм хэлъ гупсысапІэхэри ІэщІыб дымыщыну, махуэшхуэм кьыпльыуэну адрей махуэхэри купщІэрэ Іэгъуэ дгъэнщІыну. Си Іуэтэу сохьэхъу си лъэпкъъэгъу псоми, фІыгъэшхуэхэр махуэщІым кьыдэкІуэныи сыхуейщ. Фіыщ Іэ яхузощІ адыгэбзэр хъумэным зи кьару, зэфІэкІ, щІэныгъэ езыхьэлІэ дэтхэнэми. УсакІуэм зэрыжиІащи, «ди гум и хущхьэр, псэм и Іэфыщэу анэдэлъхубзэр, анэм и жьабзэр зда-щымыІэм дыщремыІэ». Тхьэм дызэдригъэфІакІуэ!

Епсэлъар
ЩХЬЭЩЭХУЖ Иналщ.

Шэч тхехьэгъуейщ

Зэлъэбжьэгъуэр

Адыгэхэмрэ абхъазэхэмрэ, абазэхэри убыухэри къытхэту, зы кьежьанІэ зэрыдиІэм шэч кьытехьэгъуейщ. Зэлъэбжьэгъуэр я хабзэкІи зэхэтыкІэкІи зэгъунэгъущ, я гупсысэкІэми дуней тетыкІэми зэщхь куэд яхэтщ.

ПЭЖЩ, ижь-ижьыж лъандэрэ кьызэрежьауэ, щІынальэкІэрэ зэлъэІэс лъэпкъэр гъащІэм и лъэныкъуэ Іэджэмкіи зэдогуашэ: зым ижь адрейм щІихуэ, зым имыІэр адрейм кьрИІыхьу. Адыгэхэр нэгъэущІ лъэпкъэмки кьадэгъэуэгурыкІуаг. Арщхьэкіэ, ахэр абхъазабазэхэм хуэдэу гъэпсыгъуэ я кьым. АтІэми, адыгэхэмрэ абазэхэмрэ дызэрызэхущытыр кьызыхэкІар гъунэгъуу дызэрыпсэуа кьудейр аракъым, атІэ, ахэр, зэман жьыжь дыдэхэм я деж кьыщІэгъжьауэ, зэлъэбжьэгъу дыдэуи кьызэрекІуэкІарщ.

Тхыдэ жьыжьэм тещІыхьа бзэ щІэныгъэм машІэу дыльэІэсын ипэ кьыхуэу кьыхуэдгъэщынщи, ижьрей лъэхъэнэхэми адыгэхэмрэ абазэхэмрэ (абхъазхэм зэкІэ я гуГъу дымыщІу) яку дэлъа зэпыщІынэхэм жьк кьащІихуащ бзэуэ зэрахьэхэми: адыгэхэм кьаГъэсэбэп псалъэ хуэд абазэбзэм хыхьащ, абазэ лексикэм щыщхэри адыгэбзэм щыщ хъуащ. Апхуэдэу, ди бзэм кьыхэкІыну абазэбзэм кьищта псалъэхэм ящыщу кьэкІыгъэщхэм увыпІэшхуэ яубыд. Абыхэм яхэтщ удз, жыг, хадзэжкІ, пхъэщхьэмыщхэ фІэщыгъэхэр.

КьэкІыгъэщІэхэм ятеухуауэ щапхъэ зыбжанэ кьэтхьынщ. ЯІпэ идгъэщынщ ахэр абазэбзэм кьызэрыщапсэпльымрэ абдежым щрата мыхьэнэмрэ, ижькІэ кьыхэдгъэщынщ абы хуэбгъэдэну адыгэбзэм зэт фІэщыгъэр, яныкІуэхэм дежи урысибзэкІэ и мыхьэнэр гъэбелджьыкІыжауэ:

«Бджьый» (абазэ) - (тхудзшеяфэ, чинарэ) - «бжей» (адыгэ) - (бук).

Мы фІэщыгъэм теухуауэ бзэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор Къумахуэ Мухьэдин зэригъэувымкІэ, ар «бжэ» пІэльэм еигъэ кьэзыгъэльэгъуэ суффикс «ей»-р пыувэкІэрэ кьэхьауэ.

Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академиеми и академикыу щыта, профессор Шагъыр Іэмин зэрыжиІэгъауэ, жыгыщІэм лъабжьэ хуэхъуар бжы (зэрыпщджэ пасэрей Іэщэ) псалъэрщ. Абы и щІыхьэту Шагъырым кьеХь шапсыгъ диалектым хэт пчыйэ жыгыщІэу пчы (бжы) псалъэм кьытехьукІар.

Къэтхьа щапхъэм теХуэу, абазэбзэм дыщрохьэлІэ апхуэдэ щІыкІэкІэ кьэхуа кьинэмыщІ жыгыщІэхэми. Псалъэм папщІэ, «Іэней» - бгылъэ мэзхэм кьыщыкІ жыг лІэужьыгъэщ. Адыгэхэм я фІэщыгъэр абы ираташ, Іэнэ кьыхащІыкІыу зэрыщытам кьыхэкІыу - «Іэней» («Іэнэ» + «ей»).

Бзэхэр щызэдгъапщэкІэ

БзэщІэныгъэлІ цІэрыІуэ, филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор Абдокъуэ Іэуес «Фонетические и лексические параллели абхазо-адыгских языков» и тхылъ купщІафІэм дыкьыщодж: «Абхъаз-адыгэхэм я бзэхэр зэрызэблагъэр кУэд щІауэ зэрыязэхэгъэкІар щэн кьызытумыхьэжьмэ, Абыхэм зэпэджэжьмыгъэу дызыщихьэлІэхэм я нэхъыбэр, зэІэпаха кьудей мыхъуу, ящыщ дэтхэнэми ІыбжькІэ щызиІэщ, зэрыщыщэщхэри кьызэрыщыщІэтэджари нэрылъагъуу».

БзэщІэныгъэлІ цІэрыІуэм жиІам и тельхьэщ абхъаз щІалэ, езым и анэдэлъхубзэри фІыуэ ильагъуи, кІахэ адыгэбзэми щыгъуазэ зыхуэзэщІыфа тхыдэдж-этнолог, журналист Дасание Давид.

Интернетым кьыщызэІуиха «Кавказ - наш общий дом» утыкум кьыщигъэльэгъуа и щапхъэм ящыщ бжьгъэ (абхъазыбзэрэ адыгэбзэу) мыбдежми кьыщытхьыщ:

Сэ, сэра - сэ, сэррэ.
Уэ, уэра - уэ, уэра.
Ёэра - ар.
Апхъа, апхъа - пхъу.
Ашьа , аша - шы, кьэш.
Анцьа, анца - анэш.
Айахьущэ, ахьущэ, шыпхъэ - дэлъху, шыпхъу.
Умш - уи мафэ (уи махуэ). Мыбыи гу лъытапхъэщ: абхъазыбзэм хэт «ш» макъыр «нэху», «хужь», «хуабэ» мыхьэнэхэр кьыщыкІыу адыгэбзэм кьыщыкІыу псалъэхэм пэгунэгъуэщ, «м» макъыр абхъазыбзэм еигъэ кьыщыхьыгъэпльагъуэщ (Дасание Давид зэригъэувымкІэ).

Сэра стыхуейт - сэ сотхэ (абхъазыбзэкІэ «сэ сурэт сощІ»).

Исыжьууейті, изжъууейті - сешъо (псы софэ).

Асыр шкІуакІуоупІ - уэсыр хужьщ.

АШъуапш, эшъуапщ - кІахэ адыгэбзэкІэ «ошъуапщ» (уафэ пшэ).

Абри сыюны ауп (эбри сыюны ауп) - мыр си унэ.

Ацъуэ (ацу) - цу («вы» псэущхьэм кІахэ адыгэкэр зэрэджэ).

Ац (ац) - цэ (дзэ).

Абызшъуа (эбызшъуа) - бзэ.

Абгара (эбгъара) - бгэн.

Апсаа (эпсэа) - бзыу (бзу).

Апсаада гуэ (эпсэодагуэ) - бзыудэгу (бзу дэгу).

Абылра - блэн.

Агъы (эгу) - гу.

Агъы змам (эгу змам) - гу зимыІэ (шынэхъэрабгъэ).

ЩІыуэпсым ехьэлІахэр

Бзэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор Къумахуэ Мухьэдин «Очерки общего и Кавказского языкознания» и тхылъым адыгэубых-абхъаз щІыуэпсым ехьэлІауэ хэт псалъэ зэпэджэжхэр:

Уэрэжь (убых) - уэрэжь (кІахэ адыгэ) - псыпІэ (къэбэрдей-шэрджэс).

Псэ (убых) - пцэ, пцэжьий (кІахэ адыгэ) - бдзэ, бдзэ-жьей (къэбэрдей-шэрджэс) - псыз (абазэ) - апсыз (абхъаз).

Хъуа (убых) - хъу, хъупІэ (адыгей, къэбэрдей).

Псыхъу (шапсыгъ) - псыхъуэ (къэбэрдей-шэрджэс).

А-тх (убых - лъагапІэ, Іуащхьэ) - тхы (адыгэхэм - бгыщхэ тхыцІэ).

Д(ы)гъа, (н)дыгъэ (убых) - ттыгъэ (шапсыгъ, бжьэдыгъу) - дыгъэ.

Бзы (убых) - дзы (абазэ) - адзы (абхъаз) - псы (адыгэбзэ).

Бзы чІы (убых) - псы чъыІэ (кІахэ адыгэ) - псы щІыІэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Адыгабзэм имэхьанэ зыкъегъэІэтыгъэным фэщІ

Хабзэ зэрэхъугъэу, адыгабзэмрэ тхыбзэмрэ я Мафэ илъэсыкІэу республикэм «Адыгэ диктант» щатхы. Мыгъэ ар гъэтхапэм и 11-м я 5-у зэхащагъ. Адыгэ къэралыгъо университетым адыгэ филологиемкІэ ыкІи культурэмкІэ ифакультет щыкІуагъ, джащ фэдэу пэІудзыгъэ шыкІэм тетэу ШІоигъоныгъэ зиІэхэм ар атхын амал яІагъ.

ИЛЬЭС къэс хабзэм икъулыкъушІэхэр, кІэлэегъаджэхэр, кІэлэегаджакІохэр, общественнэ движениехэм ахэтхэр, журналистхэр, студентхэр, нэмыкІхэри мыщ хэлажьэх.

Культурнэ - егъэджэн, гъэсэныгъэ мэхьанэ ин зиІэ Іофтхьабзэр зэхащэнэу зэрэхъугъэр лъэпкъ факультетым идеканэу Льамырзэкъо Нурыет ыкъытфиІотагъ.

- Тифакультетыдэлъфыбзэм икъэухъумэн пшъэрыльшъхьаІэу и. Адыгабзэм ямахь анаІэ тырадзэнэу, еджакІо къодыеу щымытэу, хэтрэ цІыфи хэлэжьан зэхьыным тегупшысагъ ыкІи адыгабзэмрэ тхыбзэмрэ я Мафэ илъэсыкІэу «Адыгэ диктант» зыфИІорэ Іофтхьабзэр зэхэтщагъ. «Тотальный диктант» зыфИІоу илъэс пчъагъэ хъугъэу зэхащэрэм ельытыгъэу ар дгъэсыгъэ. Адыгабзэм имэхьанэ зыкъелъэІэтыжьыгъэным, ззэыгъашІэхэрэм ялучаГъэ хэхъоным, адыгабзэр зыШІэхэрэм ащымыгъупшэжьным «Адыгэ диктантыр» фэлажьэ. 2019-рэ илъэсым къышІегъэжьагъэу ар зэхэтащэ. Шъыпкъэу пІон хъунэ, апэрэ илъэсым тыгу джанджэш ильыгъ, агу рихьыщтмэ, цІыфхэр къеКІолІэщтхэмэ, ашІоГъэшІэгъошэу адыгабзэмкІэ шІэныгъэу яІэхэр аушэты. Хэлажьэхэрэм анкетэ афэтшІыгъэу, ахэм афэгъэхьыгъэ къэбарыр тэугъои. ІЫпэрэ илъэсхэм нахьыжьхэр нахь къыхэлажьэщтыгъэхэмэ, джы ныбжьыкІэхэм ялучаГъэ нахьыбэ хъугъэ. Ахэм ятхыдизэу бэмэ атхыгъагъэп, ащ къыкІэлъыкІуагъэ.



Культурнэ - егъэджэн, гъэсэныгъэ мэхьанэ зиІэ Іофтхьабзэр зэхащэнэу зэрэхъугъэр лъэпкъ факультетым идеканэу Льамырзэкъо Нурыет ыкъытфиІотагъ.

- Тифакультетыдэлъфыбзэм икъэухъумэн пшъэрыльшъхьаІэу и. Адыгабзэм ямахь анаІэ тырадзэнэу, еджакІо къодыеу щымытэу, хэтрэ цІыфи хэлэжьан зэхьыным тегупшысагъ ыкІи адыгабзэмрэ тхыбзэмрэ я Мафэ илъэсыкІэу «Адыгэ диктантыр» фэлажьэ. 2019-рэ илъэсым къышІегъэжьагъэу ар зэхэтащэ. Шъыпкъэу пІон хъунэ, апэрэ илъэсым тыгу джанджэш ильыгъ, агу рихьыщтмэ, цІыфхэр къеКІолІэщтхэмэ, ашІоГъэшІэгъошэу адыгабзэмкІэ шІэныгъэу яІэхэр аушэты. Хэлажьэхэрэм анкетэ афэтшІыгъэу, ахэм афэгъэхьыгъэ къэбарыр тэугъои. ІЫпэрэ илъэсхэм нахьыжьхэр нахь къыхэлажьэщтыгъэхэмэ, джы ныбжьыкІэхэм ялучаГъэ нахьыбэ хъугъэ. Ахэм ятхыдизэу бэмэ атхыгъагъэп, ащ къыкІэлъыкІуагъэ.

Пандемием илъэхъан анахьыбэмкІэ пунктуацием ыпэкІи ыкъокІэ зэрэгъэсэфыгъо мафэхэм атырагъэфэнэу тыраубытагъ. Пандемием ыпкъ къикІыкІэ 2021-рэ, 2022-рэ илъэсхэм пэІудзыгъэ шыкІэм тетэу диктантыр атхыгъ.

2021-рэ илъэсым Іофшіэн 613-рэ ІэкІыбзэхьыжьыгъагъ. Диктантыр нэбгыри 117-мэ дэгъу дэдэу атхыгъагъ. 2022-рэ илъэсым нэбгыри 400-м ехьумэ адыгабзэкІэ заушэтыгъ. Къыхэдгъэщыжьмэ тшІоигъу, «Адыгэ диктантым» дунэе мэхьанэ иІэ зэрэхъугъэм ыкІи пэІудзыгъэ шыкІэу зэхащэ зэрэхъугъэм ишуагъэкІэ Іэкъыб къэралхэм ащыпсэурэ тильэпкъэгъухэри мы Іофтхьабзэм чанэу къызэрэхэлажьэхэрэр.

- Шъыпкъэ, диктантыр ядгъэтх къодыекІэ адыгабзэр къызэтенэщтэн, ау цІыфхэм бзэм идахэгъэ агу къагъэкІыжьы, шІэныгъэу аІэкІэлъэжьы, шІэныгъэу аІэкІэлъэжьы заушэтын амал яІэ мэхъу. Тигуапэ, илъэс къэс Іофтхьабзэм ежэрэ, хэлажьэрэ цІыфхэр мымакІэу зэрэтиІэхэр. АшІоГъэшІэгъоныгъэ ашІохьабзэмкІэ ашІохьабзэмэ, цІэ тедзэкІэ зыкъатхын амал арытыгъ. Шъхьаджи ишоигъоныгъэкІэ, сайтым ихьэмэ зыкъышІэжьынэу зыйфэ цІэр зыфеусыжьы. Зыгорэм ишІэныгъэ зэрэмакІэр къагъэлъэгъон, ар мэскъарэ ашІынкІэ ашІохьабзэмэ зыфагъэзыуцужьырэр, адыгабзэм имэхьанэ къэлэтыжьынкІэ ары зэхэщакІохэр зыужь итхэр.

Пандемием къыныгъэми онлайн шыкІэм ишуагъэкІэ нахь цІыфыбэ къызэрэхэлажьагъэр, Іэкъыб къэралхэм ащыпсэурэ адыгэхэми чанэу диктантыр зэратхыгъэр нэрылъэгъу афэхъугъ. Мы илъэсым офлайн ыкІи онлайн шыкІэр къызыфагъэфедагъ.

- ГъэрекІо диктантыр тІоу гощыгъагъэ. Бзэр зыІулъэу зыгъэфедэжьмрэ бзэр зэзыгъашІэхэрэмрэ. А купитІуми яхьылъагъэкІэ диктант зэфэшъхьафхэр атхыгъэх. Шъхьадж ежь иІэрыфэгъэр къыхихыгъ, тІури зытхыгъэхэри къыхэжьІыгъэх. Мыгъэ зы диктант атхыгъэр. Ащ икъыхэхьи тегупшысагъ ыкІи мыхьылъэ дэдэу, бзэр жъугъэу зымыгъэфедэхэрэмкІи псынкІэнэу къыхэтхыгъ. Диктантым гущыІэ 220-м ехьурэп хэтыр, - еІо тигущыІэгъу.

Текстым икъэухъэн мэхьанэшхоу раты. Ащдэлэжьэщтыр пэшІорыгъэшъэу агъэнафэх. Текстым гъэсэныгъэмкІэ ыкІи пІуныгъэмкІэ купкІ ин иІэу щытын фае, ащ дакІоу ар къин дэдэ къыхахырэп, сыда пІомэ, адыгабзэр зэкІэми зэрэІэкІэлъыр зэфэшъхьафы. Ар дэгъоу атхыгъэу, балл ин къызахьыкІэ, къэкІорэ ильэсым джыри фэчэфхэу хэлэжьэнэу зэхащакІохэм алъытэ. Мы илъэсым адыгэбзэ шІэныгъэлэжьэу, адыгэбзэ шІэныгъэм иеджапІэ зэхэзышІэгъэ КІэрэщэ Зэйнаб ыныбжь ильэсси 100 зэрэхъурэм епхыгъэ текстэу атхыгъэр.

Я 5-у зэхащэгъэ диктантыр сыхьатыр 12-м рагъэжьагъ. Іофтхьабзэм ипэгъокІэ диктантыр зэрэптхыщт ыкІи зэрауплъэкІыщт шыкІэр кІаІотагъ. ЗэхэщакІохэм къызэраІорэмкІэ, онлайн шыкІэм тетэу диктантыр зэратхырэм ишуагъэкІэ ащ хэлажьэхэрэм япчъагъэ нахьыбэ хъугъэ. Ащыгъум щыпсэухэрэм ямызакъоу Іэкъыбым ис тильэпкъэгъухэри ахэтыгъэх.

ДЕЛЭКЪО Анет.

Ары ыкІи зэрэзекІорэр

Дунэе Адыгэ Хасэр – дунаим щыпсэурэ адыгэ пстэур зэкъоты зышыырэ куп зэхэт. Адыгэхэм ялъэпкъ хэпІэжьыр, Іо хэмылъэу, Адыгэ Республикэр ары. Тильэпкъегъуэхэр, тшыхэр, тшыпхъухэр Шам, Иорданием, Мысыр, Америкэм, Австралием, Европэм ит хэгъэгу пчъагъэхэм ащыпсэух. Хэкум пэчыжьэу псэурэ адыгэхэр бдзэдз мэхьух.

АДЫГЭХЭМ зэкІэми тильэпкъ ынапэ къэтыухъумэн фае, тигушъхьэ лъжьыгъэрэ лъэпкъ нэшанэхэмрэ къытКІэхъухьэрэ ныбжьыкІэхэм ахэтлъхьанхэм пае. Джары, сэ сишІошІкІэ, анахь пшъэрылъ шъхьаІэу Дунэе Адыгэ Хасэм иІэр.

Ар сыдэущтэу гъэцэкІагъэ хъущта? – аІоу упчІэ къысатмэ, сиджэуап мыщ фэдэщт. Непэрэ мафэхэм зэпхыныгъэ ІофхэмкІэ амалышІоу щытыр дунэе хъытыур ары. ЕтІани, шІуагъэу глоболизацием хэлъэхри къызфэдгъэфедэхэмэ хъущтэу сыхэплъэ. Культурэм фэгъэхьыгъэ интернет зэхахьэхэр зэхэтщэнхэ фае. ШІыпкъэ, зы ныбжьыкІэ зэхэтщэ ныбжьыкІэхэр нэрылъэгъоу нэІуасэ зэфэпшІыхэмэ нахьышІу. Тэ тихэгъэгу имызакъоу, адыгэхэр зыщыпсэухэрэр Іэкъыб хэгъэгухэми ащ фэдэ зэхахьэхэр ащызэхащэхэу рагъажьэмэ дэгъу дэдагъ.

Льэпкъым ипшъэрылъ шъхьаІэр – льэпкъэу зыкъыкІэнэжьыныр ары. ЦІыфышъхьэм хэгъэхьонрэ ащ изы амалышІоу щыт. МакІэ тэхъу, тихахьэ нахьыбэ зэрэхъущтым тызэдеусэн фае.

ЯтІонэрэмкІэ, льэпкъым щыщ нэбгырэ пэпчъ адыгабзэр ышІэным тыпылъын фае.

Убыхмэ къарыкІуагъэм щымыгъуазэ къытхэзгъэ. Ахэр адыгэхэмрэ абхъазэхэмрэ ялъэпкъэгъухэу ШІачъэ щыпсэущтыгъэх. Ахэм ащыщэу а тІыпІэм зи кьынагъэп, убыхыбзэр къышІыдыжьырэп, ау чІыпІэщІэхэр къэнагъэх. МымакІэу убыххэр зэрыс Тыркуем нэбгырэ мин 15 - 20 фэдиз щыпсэоу къалъытэ, ахэми абзэ ашІэжьырэп. Абхъаз бзэшІэныгъэлэжьхэм Тыркуем ит убых къуаджэ пэпчъ къызэпакІухьагъ, а гухэкІ щысэм дэгъу дэдэу щыгъуазэх.

Гукъао нахь мышІэми, убыхыбзэм къырыкІуагъэр ащ пэблагъэу щыт бзэхэу адыгабзэми, абхъазыбзэми, абазыбзэми ямкъанэсын ыпэкІыщт. Къабэртэбзэм иІофхэр нахьышІых, сыда пІомэ къабэртаехэм анахьыбэмэ яныдэлъфыбзэ ашІэ, рэгущыІэх. Адыгеим щыпсэухэу зиныдэлъфыбзэ зышІэхэрэм япчъагъэ нахь макІ.

Гуманитар ушэтыныхэмкІэ тиинститут уплъэкІунхэу зэхищагъэхэм къызэрагъэнэфагъэмкІэ, кьалэм дэс кІэлэцІыкІухэм ямызакъоу къуаджэхэм ащыпсэухэрэми щыкІае ахэт яныдэлъфыбзэ амышІэу. Сыда ащ ыкІыбкІэ? Ны-тыхэм ныдэлъфыбзэр ашІэми, ясабийхэм аІуалъхьэрэп. Ахэм ахэтых ныдэлъфыбзэр якІалэмэ ямыщыкІагъэ зыльытэхэзэри. ГурыІогъуае, акъылым къымыубытырэ гуГъэуз.

Илъэс тІокІ горэ зытешІэкІэ а сабийхэм аныбжь хэхьощт. ЗэрэхъурэмкІэ, адыгэмэ янахьыбэр адыгабзэкІэ гущыІэжьыщтхэр. Іоплотакіохэм алъыхъэзыу щэныгъэлэжьмэ къуаджэхэр къызэракІухьэзэрэм фэдэу, адыгабзэр дэгъоу зышІэзэмэ талъыхъэу тыублэщт.

Адэ адыгэ макъэр зэхэтымыхьижьэу тыкъэнэщта джы? Зи тымышІэу тышцысмэ, ныдэлъфыбзэм ары къырыкІон ильэныкІыщтыр. Бзэ программэхэр зэхатъэуцохи, кІодыпІэм къыращыжьжьыгъэх Баскоиием, Каталоием ыкІи Уэллс зэращагъущыІэхэрэ бзэхэр. Джуртмэ абзэу кІодыгъагъэм псэ къыпагъэкІожьыгъ.

Республикэм гъэсэныгъэмрэ шІэныгъэмрэкІэ и Министерствэ ильэкІ къыгьанэрэп. Ау адыгабзэр еджапІэмэ дэгъоу ащызэрэгъашІэу пІон пльэкІыщтэп.

Ны-ты нэбгырабэмэ кьаІоу зэхэтхэх: «КІэлэцІыкІу Іыгъыпізм етэтыфэ нэс адыгабзэр тисабиймэ дэгъоу ашІощтыгъ, джы ахэм бзиІу аІуть хъугъэ». Нэмыкіэу къэпІон хъумэ, урысыбзэр нахь игъэкІотыгъэу зэгъэфедэ хъугъэ. Еджапізм зычІакъэзкІэ, адыгабзэр щагъэзышеІэ, зы бзэм техьэх. ГукІодыгъу! Анахьэу бгъэшІагъоу узышІомыкІырэр – зэкІэри ау кьезэгъых.

Арэущтэу зыщытыр мы аужьырэ илъэс тІокІыр ары. Ныдэлъфыбзэр зэгъэшІэгъэныкІэ программмэхэр, тхыпІхэр жъы хъугъэх, ау цІыфмэ агуи фаКІорэп, ящІэныгъи икъурэп Іофым изытет зэблахъунэу. Адыгэ кІэлэцІыкІухэр нахьыбэрэмкІэ урысыбзэ закъокІэ зэрэзэдгъэщІэзэрэр алъэгъу, ыкІи ащ, енэгуягъо, кьезэгъых. Сэ сишІошІыкІэ, зэралъытыгъабзэр зэрэкъалытэ бзэ ышылъкъэу щытын фае. 1994 аштагъэу бзэхэм афэгъэхьыгъэ унашъо тиІ. Ар икъоу агъэцакІэрэп.

Тиреспубликэ и Лышъхьэ иунашъокІэ гуманитар ушэтынхэмкІэ АР-м иинститутым адыгабзэр къэухъумэгъэныжьыкІэ зэгъэшІагъэныжьыкІэ Проектнэ офис щызэхащагъ. Илъэсищым къэхъугъэу ащ Іоф ешІэ, гъэхъагъэ гъэнэфагъэхэр иІэх.

Пшъэрыльэ шъхьаІэхэм ащыщ ныдэлъфыбзэм иззгъэшІэнкІэ кІэу, льэхъаныи диштэу егъэджэн шІыкІэхэр къыхэхьиГъэнэныкІэ ыкІи гъэсэныгъэ зэпсыгъэнэхэр мыщкІэ Іэкъыб къэралыгъохэм шІыкІэ амалышІоу къыхахыгъэхэм зафэдгъэнэІосэн фае. Программэ зэуа гъэхъезыригъэн фае, кІэлэцІыкІу Іыгъыпізм къыщыублагъэу гурыт еджапІэм нэс адыгабзэр зэрифэшъшуашэу ащызэрагъэшІэным пае. Іофыр аублагъэу щыт. Къэралыгъо льапсэ гъэІорышІапІэ иІэу адыгабзэм изэгъэшІэн зэхащэмэ, ыпэкІэ нахь тылъыкІотэщт.

Къэлэтыр фае, адыгабзэр дэгъоу зышІэу еджапІэм чІэхьэрэ кІэлэцІыкІуэхэр ялэгъу адыгэхэу ныдэлъфыбзэр зымышІэхэрэм акІырыплІытьхэзэ, ежьхэмэ ар щагъэзыежу зэраублэрэр. Нэдэлъфыбзэр зымышІэхэрэм, хымэ хэгъэгу какІыыгъэхэм афэдэу, адыгабзэр ягъэшІэгъэнэу нахь тэрэз. Нэмыкі хэкІыпІэ щыІэп. Нэужым, адыгабзэм иззгъэшІэнкІэ зыкІ программэм тещэжьыгъэхэу еджэныр лъагъэкІуатэзэ ашІынэу нахь тэрэз. КъэпІонэнэу хъумэ, адыгабзэр Адыгэ Республикэм икъэралыгъуабзэшъ – къэралыгъо къулыкъушІэхэм къащыублагъэу зэрифэшІуагъэм тезгъэ дгъэнэжьан фае.

Сэгугъэ, Дунэе Адыгэ Хасэм дунаим щытэжьухьэгъэ адыгэхэр зэрипхынхэу. Іофшіэкі амалэу ыкІи зэпхыныгъэу иІэхэр къызыфигъэфедэхэзэ адыгабзэм иззгъэшІэнрэ ищыкъэзгъэнэгъэнрэ мылъкоу апэІухьащтымкІи ишуагъэ къыгъэкІон ильэныкІыщт. Ары ыкІи зэрэзекІорэр.

Дунэе Адыгэ Хасэм мыр льэпкъ Іофыгъо зэрэщыытыр щыфэкм агурыгъаІоми, адыгэ пстэур кьыхищэмэ, гъэнэфагъэу тиныдэлъфыбзэ къытыухъумэн тлъэкІыщт. Ащ щыфыбзмэ, гъэсэгъабэмэ, лэжьэкІуабэмэ акІуачІэ рахьилІэн фае.

Википедиер адыгабзэкІэ зэрэщымыІэм зэфэхьысыжьэ гъэнэфагъэхэр уегъэшІых. Бзэм иамалхэр икъоу дгъэфедэжьэп. Адыгэхэм ятхыдри, якъэбари, яхабзи мы аужьыр илъэсхэм нахьыбэрэмкІэ пхэнджэу кьатхьыхь, кьаІуатэ. Хэуръонгъэхэр щыгъэзыегъэным пае Дунэе Адыгэ Хасэм амалышІоу иІэх. Ащ исайт Іофыгъо гъэнэфагъэхэр зэшІуихыхэу ригъэжьагъ. Сайтыр бзэ зэфэшъхьафэмкІэ «къэгущыІэу» щытын фае. Альэныкъомнахь зегъэушъомбгъуГъэным мэхьанэшхо иІ.

Хэгъэгу зэфэшъхьафхэм ярыс адыгэ ныбжьыкІэу ныдэлъфыбзэм иззгъэшІэн зыгу фаблэхэрэм амал ятыгъэн фае. Тыркуем, Иорданием, Шам, Европэм адыгэу ащыпсэухэрэр макІэп. Тэри, хэкум исхэм, зэхэщакІохэр, льэпкъым иІофыгъохэр зэшІохьэныжьмкІэ сэнаущыгъэ зыхэлъхэр, адыгабзэр, хабзэр, культурэр дгъэсу зышІэхэрэр, хасэхэм яныбжьыгъэ, адыгэм ижь-ижьыж льэндзэрэ кьыдекІуагъэ хабзэфІхэм я кьежьапІэр щІэблэм Іэщіыб емыгъэщІыныр тхакІуэм игъэнэхьапэ Іэзэхуэм ящыщу зэрыщытыр.

Къинэмышіыдаэу, еджапІэм и унафэщІым зэрыжиІамкІэ, льэпкъыбзэхэмкІэ зэрэщытыр дауардэпхэр дялэжьи ирагъэкІэжьэкІи я мурадщ, ахэр льэпкъхэм я бзэри, я щэнхабзэри къэзыІэтыну, езыгъэфІакІуэну, зымащІэ гуэр нэхъ щымыІэми - хэІущІыІу зыщІын зэрыщытщ.

Творческэ пшьыхьэ зи зэчиІэ къэзыгъэдахэхэм, Шорэ Ахьмэд районым и Малокурганнэ жьлагъуэм дэт курыт еджапІэм щІэс цІыкІуэхэр. Ахэр кьеджащ Шорэ Ахьмэд итха сабий уэсэхэм, пшынэкІэ макъамэ дахэхэм кьеуващ, адыгэ уэрэдыжьхэр ягъэзэщІ.

- Сыт щыгъуи жьзоІэ Къэрэшей-Черкес къэрал университетым хэудэу Іуэхугъуэ щхьэпэ хуэдэ зылэжь ищхьэ еджапІэ димыІэу. Фи ехьулІэныгъэхэм сыщогуфІыкІ газетхэм къыщыгъадзэкІэ, телевизоркІэ кьыщаткІэ. А къомыр, дауи, пхузэфІэкІынукъым гуэдзакъэ зьхэлъ унафэщІыфІ къыпщхьэщыкІыну. Сэри мы еджапІэращ къэзухэр, ауэ сыщеджа зэманымрэ иджыгъэ зэпльытмэ, шурэ лъэсрэ хуэдэщ университетым игъэтэ тепльэри, и лъэкІыныгъэхэри. Гуапэ дыдэщ еджапІэм и щІыхьэпІэм дежи «Алиев Умар и цІэр зезыхъэ Къэрэшей-Черкес къэрал университет» жи Іэу бзыхкІэ зэрыкІэрэльхьар. Абы къеГъэльэГъу университетыр гъэзэгу захуэ зэрытетыр. Тхъэм нэхъри иригъэфІакІуэ! - къызэхуэсахэм захуигъаззу жиІащ Шорэ Ахьмэд.

Ахьмэд сабийхэм, гъащІэм, цІыкІуэгъэм техуэху итха уэсэхэм къэуеджа нэужь, къыдигъэкІа тхылъ зыбжанэ ТыІэ ящхьщІащ университетым и библиотекэм. А сэ сшІэрэ къэзыІуэу, усакІуэр ильэс 80 зэрырикъуамрэ творчествэм ильэс 60 гуащІэ зэрыхуигъэтІыльамрэ папщІэ, ФІыщІэ тхылърэ щІыуэпсым къэтращІыкІа гурэт тельыдэхэр КъЧКъУ-м и ректорым къыхуигъэфащащ.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, адыгэ литературэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуищІамрэ ди республикэм и гъащІэм жьыджэру зэрыхэтымрэ къыхэжьІыкІ, Шорэ Ахьмэд ильэс зэхуэмыдэжьм къыхуагъэфащащ къэрал нагъыщІ инхэр, къыфІащащ ыкІыхьщІэ льэпІэкэр. ТхакІуэр - СССР-м и печатым и отличникщ, УФ-мрэ КъЧФ-мрэ щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэщ. Къэрэшей-Черкесым и щІыхьэ тхакІуэщ, литературэмрэ гъуэгуанэмкІэ КъЧФ-м и Іэтащхьэм и сауГъэтым и лауреатщ, ПсэукІэ-Дахэ къуажэм щІыхь зиІэ и щІыхущ.

Шорэ Ахьмэд и Іэдакъэщ ІкІэхэр ихуагъ Кавказ Ищхьэрэм и усакІуэхэм я Антологием. Сыкъэзгъэ гуэнэжьхэми, ди хэгъэгуми щыпсэу льэпкъхэм я бзэхэмкІи зэрадзэкІри «Из ручейков – моря», «Солнце над Домбаем» (Къэзахьстэн), «В семье единой» (Дагьыстэн») тхылъхэм, Урысейм и «Литературная газета», «Литературная Россия» газет инхэм, «Дон», «Кабардино-Балкария», «Ставрополье», «Литературная Адыгея», «Лира Кавказа», «Іуащхьэмахуэ», «Голос Кавказа», «Нана» (Шэшэн Республикэ») журналхэм къытрадзащ.

И пьесэхэм къытращыкІри Къэрэшей-Черкесми, Адыгэ Республикэми я къэрал драмэ театрхэм спектаклхэр щагъэуващ.

Шэч зыхэмылъу, мы махуэм университетым щекІуэкІа Іуэхугъуэ дахэмкІэ яІэтащ пщІэ зыхуэфащэ тхакІуэри, ар зи лІыкІуэ адыгэ льэпкъри, адыгэбзэри.

ЛЫХЪ Тимур.

ФІыуэ ирагъэлъагъу

Иджыри цІыкІу щІыкІэ лъэпкъыбзэм гулъытэ хэха хурагъэщІу алибэрдыкъуэдэсхэм къуажэ щІэблэр къаГъэтэдж. Абы щыхьэт тохъуэ лъэпкъыбзэр хъумэным, хабзэхэр сабийхэм ягъэцІыхуным хуэгъэзауэ сабий Іыгъыпізхэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэ уасэншэр.

АПХУЭДЭЩІ, Али-Бэрдыкъуэ хуэжьэм дэт «Вагъуэ» сабий Іыгъыпізм щалыгъ нану цІыкІуэхэм фы дыдэу ящІэ лъэпкъыбзэм и мыхьэнэр, абы хэпІ къарум зэпеуэу къытопсэлъыхь, усэхэр, уэрэдхэр, жьзГъуэхэр, псынщІэрыпсалъэхэр, таурыхъхэр жаІэ, гукъыдэж ин ябгъэдэлъу теплъэГъуэ зэхуэмыдэхэр ягъэув.

- Адыгэбзэр бгъэльэпІэн, бгъэбзагъэн, бгъэбзэрабзэн папщІэ, уадыгэ нэсу, адыгагъэ пхэлъу, адыгэлъ пщІэту ущытын хуейщ. Дэтхэнэ зы льэпкъым бзэр зыІэщІэдгъэкІ, Іэщыбэ тщІы хъункъым. Ди бзэр фІыуэ тщІэуэ, бзэм зедгъэужьыну дэрэжэгъуэ худиІэу сыт щыгъуи дыщытын хуейщ. Ди дежькІэуІэ сабийхэм адыгэбзэкІэ дазэрепсэлъэныи и ужь дитщ. Адыгэбзэр нэхъри нэхъ фІыуэ ильагъунэмыс, ар Іэщыбэ пщы зэрымыхъунур кьагурыдгъэІуэнымкІэ зэхьыхь бжанэ идогъэкІуэкІ. Къыхьидошэ мы лэжьыгъэм анэ-адэхэри,- къыддогуашэ нану цІыкІуэхэм я гъэсакІуэ Пхъэш Аидэ.

Сабий Іыгъыпізм дыщеблэгъа махуэм зэхаща теплъэгъуэри удэзыхьхэт, гъэсакІуэм жиІар зыгъэщІипкъэт. «Морячок» зи фІэщыгъэщІэ гупыр щыхьэщІэт «Адыгэ пщІантІэ» зи фІэщыгъэщІэ льэпкъ музейм. Абдежым нанухэр нэІуасэ хуащІащ адыгэм и блэкІамрэ и псэукІэу щытамрэ. Ешы цІыкІуэхэми адыгэ фащэхэр ящыгъыу, гушхуэу я льэпкъым и тхыдэм кІэрыгъэщІэгъэуну щІэдзІуащ, музейм щахъумэ хьэпшыпхэр зэрагъэзэхуэжащ, зищысым щІэупщІахэри къахэкІащ.

- ЩІэблэм я анэдэлъхубзэр яІурылъу къэдгъэхуэжащ, зищысым щІэупщІахэри къахэкІащ.

«Мореячок» зи фІэщыгъэщІэ гупыр щыхьэщІэт дыдэхэм, ди Іуэху пажэхэм ящыщу сольитэ. Абы ипкъ иту нанухэм ядедгъэкІуэкІ лэжьыгъэр зэи зэпыукъым. Арыншэуи ъунукъым. Ди льэпкъыр дунейм къытенэну, адыгэбзэр тхъумэну дыхуеймэ, ини цІыкІуи дызэкъуэту абы делэжьын хуейщ, - къыждмэІэ сабий Іыгъыпізм и гъэсакІуэ, и логопед Тхьэкъумашэ Еленэ.

ЕЗАУЭ Людмилэ.

«ЦІыкІурашыр» лъэ тоувэ

Къэрэшей-Черкес Республикэм и ункІалащьэм - Черкесск къалэм гуфІэгъуэшхуэкІэ гъэнщІауэ зи лъэтеувэ иджы дыдэ щащІа, лъэпкъыбзэмкІэ: адыгэбзэмкІэ, нэгъуеибзэмкІэ, къэрэшеибзэмкІэ къыдэкІа тхылъхэр зэрапхъуащ егъэджакІуэхэми, сабий Іыгъыпізхэм щылажьэ зэсакІуэхэми, тхылъеджэхэми.

ТХЫПЪХЭР щыкІащ КъЧР-м льэпкъ Іэзхуэмкіэ, цІыхубэ коммуникацэхэмрэ печатымкІэ Министерствэм и жэрдэмкІэ. А щыгъуэм щыкІащ КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ шІэныгъэмкІэ и Министерствэмрэ егъэджакІуэхэм я Іэпщіэльапщіагъым эдыхэгъахъуэ Къэрэшей-Черкес институтымрэ.

Къинэмышіыдаэу, ахэр яГъэхъэзырыщ «КъЧР-м деж къэралым и льэпкъэ, дин, хъыбарегъащІэ политикэр гъэзэжщІэн» къэрал программэм игъэлажьэ, «КъЧР-м щыпсэу льэпкъхэм я зэхущытыкІэхэр зэтегъэпсыхьыныр я льэпкъ щэнхабзэхэм зегъэужьыныр» программэм ипкъ иткІэрэр.

Мы проектыр зыхуэгъэпсар анэдэлъхубзэхэм, абыхэм я тхыдэмрэ и нобэмрэ сэтей щІыныр, льэпкъыбзэ творчествэм дихьэхыу ядыдэкІуэтей щІэблэм гъэсныгъэ ямыІэ нэ ябгъэдэлъхьэнраш.

Льэтеувэ пшыхьэр къызэІуихкІэрэ КъЧР-м льэпкъ Іэзхуэмкіэ, цІыхубэ коммуникацэхэмрэ печатымкІэ и министр Кумуков Альберт игъэбелджылащ хэгъэгум ыцІэ сэу льэпкъхэм я бзэхэр ныкъэзэтегъэнэным дапщэщи гулъытэ ин эзригъэтыр.

- Илъэс къэс льэпкъыбзэхэмкІэ тхылъ зыбжанэ къызэрыдэдгъэкІыным дыпылъщ, курыт еджапІэхэм, сабий Іыгъыпізхэм дащхьэпэныр ди мурад пажэу. Абы ехьэлІауи тхузэфІэкІыр мащІэкъым.

Мис, ди лэжьэгъуэхэм - щІэныгъэ интеллигенцэм, егъэджакІуэхэм, журналист щІэрыІуэхэм я фІыщІэкІэ, адыгабзэкІэ, нэгъуеибзэкІэ, къэрэшеибзэкІэ къызэІуихыгъэ кІуэ щыкІуэхэм, пэщІэдзэ классхэм щеджэхэм кьахудэдгъэкІащ. Бзишьмкіэ къыдэкІа тхылъхэр зэхэту мин 3300-рэ мэхьу.

Ахэр яІэрыдогъэкъэ ди республикэм и курыт еджапІэхэмрэ район библиотекэхэмрэ, сабий Іыгъыпізхэм щылажьэхэм. Ди мурадщ абазэбзэкІи апхуэдэ тхылъ дунейм къытедгъэхьэну, къыхихиГъэщащ министрым.

ЗорыжьитІуэу, мы махуэм утыку кърахьа, нану цІыкІуэхэм яхуэгъэза тхылъыщІэхэм ящыщщ ди льэпкъыр зыщІигуфІыкІыпІа, адыгэбзэкІэ дунейм ыкІытха «ЦІыкІурашыр» зи Ар зи Іэдакъэщ ыкІи Ар зыщыкъуэ Р. и цІэр зезыхьэу Хьэбэз къуажэм дэт курыт еджапІэм адыгэбзэмрэ анэдэлъхубзэмрэ щегъэжьагъэ. Ди мурадщ абазэбзэкІи апхуэдэ тхылъ дунейм къытедгъэхьэну, псалъэжьхэр, къуажэхэр.

Тхылъыр къэзыгъэсэбэпхэм мыбдеж кьущагъэуэтынущ джэгукІэ зэмылІэужьыгъуэ удэзыхьхэр, гъэщІэгъуэнхэр, адыгэ хабзэм щыщ гъэсэныгъэ Іэмалхэр. ИкІи, ар зи Іэдакъэщэкіэхэр мэгугъэ мыбдеж къыщыхьа пэжыгъэхэр ягъэзащІэкІэрэ цІыкІуэхэр еджэныгъэм нэхъ тыншу хэша хъуну, я бзэр хъума хъуну, нэхъри зиужьыну, ябгъэдэль щІэныгъэм зэхъуну, - тхылъыщІэм и мыдэхэм хуэгъэзауэ къыддогуэшащ ТхьэМафэ и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Асльэнхэ Алий.

- Жысіэнщи, тхылъыр гъэхъэзырыным: зэхэзгъэщынэ, щІэпІлъыкІыным мазихым нэхъэрэ нэхъыбкІэ делажьащ. «ЦІыкІурашыр» къэгъэщІэным льэбжьэ хуэхъуар, ар къыздежьар Хьэбэз муниципальнэ район администрацэм и унафэщІ Жу Тимур дежщ. Абы сриджэри къызжиІащ Къэрэшей-Черкес Республикэм льэпкъ Іэзхуэмкіэ и Министерствэм гран проект - программэ зэрыщІэр. «Дыхэзгъэхьэ а программэм, ди бзэр хъума хъунымкІэ сэбэп къэтхьыфІынущ, ди щІэблэ нэхъ цІыкІу дыдэхэм зэрыдэлэжьэн тхылъ дыригъэтхьэзэщІ» жери, а лэжьыгъэр си пщэ къыриІухьауэ щытащ. Араущ зэрезгъэжьа хъуар.

Пэжщ, тхылъ къыдэгъэкІыным зэи сыпымыщІауэ, ягъэсызэпэрыуа Іуэхути, «сыгужьеяныкъым жысІэжи», пщы супсынущ. Зэуэ зэкъыгурыІуащ сызыдэлэжьэн, Іэхъмуркіэ акъылэгъу къыздэхъуу, лэжьыгъэр къыздэзыІэкІуэтэн сызэрыхъунэкІыжьэр. Гуапэ зэрысщІыхьунуи, Къэбардей-Балъкъэр ыкІи хьэпсэ Псыгуэнсу къуажэм дэт курыт еджапІэм адыгэбзэмкІэ щезыгъаджэ Дзыгъур Люсенэрэщ.

- Нэхъ цІыкІу дыдэхэм пащІэ ягъэжьэзыра «ЦІыкІурашыр» тхылъыр яхуэгъэзащ егъэджакІуэхэм, сабий гъэсапІэхэм, курыт еджапІэхэм деж ныбжьыщІэхэр пэщІдзэ классхэм щеджэхэм щезыгъаджэ Дзыгъ

● Ди зэпыщІэныгъэхэр

Налкъут мывэу зэтопщІыкІ

Урысей Федерацэм хыхьэ щІыналъэхэм ящыщу адыгэхэр нэхъыбэу щыпсэухэм халъытэ Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэр. А щІыналъэхэм исхэр дыззэлыщІащ политикэ, экономикэ, щэнхабзэ, нэгъуэщІ унэтІныныгъэхэмкІи. Дызэрыльытащ икІи дызэрощІэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я пэжыкІуэхэри. Нобэ щыгъуазэ фыдощІ шэрджэс щІыналъэм къикІа тхыгъэхэм ящыщ зым. Ар теухуащ ди анэдэлъхубзэр хъумэным худи1э гудзакъэм, лъэпкъпсо мыхьэнэ зиІэ а Іуэхум епхауэ егъэджакІуэхэм яІэ елпьыкІэм.

АДЫГЭБЗЭ... Адэжь щІэину лІэщІыгъуэ миным къыхэкІа, илъэс бжыгъэнщэр зи ныбжь, адыгэлъым хэпщауэ къэзыих, адыгэ лъэпкъым и гупсэ, адыгэгур зыгъэпІейтейуэ и гурылъ-гурыщІэхэр макъ жьгъыру дахащэхэмкІэ къэзытІащІ, дэтхэнэ зы адыгэми гукъыдэж къезыт, и пщэдейм гурыфІыгъуэ хэзылъхьэ, мывэ къурш псынэу бзэрабзэ, налкъут мывэу зэтепщыкІ си адыгбзэ! Уэ упсэуху псэущ лъэпкъыр, уэ ущымыІэжмэ лъэпкъыр кІуэдыжауэ аращ. Ди адыгэбзэр псэунущ ар налкъутналмэсым пэтщІу зетхьэмэ, тхъумэмэ, ГъащІэм хуэфащэн увыпІэ щедгъэгъуэтмэ бзэм и Іэфіагъыр, лъэщагъыр зыхэтщІэу дыщытмэ, пщІэ хуэтщІу дыкъэхъумэ, дыкъэтэджмэ.

Адыгэхэм ди дежкІэ бзэм мыхьэнэуэ иІапхъэр къегъэлъагъуэ бзэр къыщыунэхуам абы «анэдэлъхубзэ» зэрыфащам. Анэм нэхъри нэхъ лъапІэ щыщымыІэкІэ, бзэр анэдэлъхуу Тхъэм къыщыдитакІэ, лъэпкъым и дэтхэнэ цІыхуми абы пщІэшхуэ хуэтщІу, лъагъуныгъэ мыкІуэщІ худиІэу дыщытын хуейщ.

Ди адыгбзэр, анэдэлъхубзэр лъэпкъыбзэ нэхъыжьхъэм хабжэ. Апхуэдэ хъугъуэфІыгъуэри хъумауэ ди дежкІэ бхахьасащ ди узэщІакІуэхэмрэ егджагъэшхуэхэмрэ, нэхъыжьхъэм. ИкІи, абыхэм тхуахъуми бзэр дгъэкІуэдыныр, ар Іэщыбі тщІыныр емыкІыщхуэ зыпылъщ.

Дауэ Іуплъэм пщІым хуэй укъэзылъхуэ анэм и бзэр? Ди бзэм дыхуэмысакъымэ, ар зэдмыпэсыжмэ, сытым дрищІысыжь? Адыгбзэм и пщэдейр дэращ зэлъытар. Дэ адыгэхэм тщІыгъупщэ хъунукъым: лІэщІыгъуэ бжыгъэ къэтхьащ тхэкІэ-еджэкІэ Іэмал димыІэу, «кІыфІыгъэм» дыхэту. Къыдзэауэзэхэми хъуащ, ди щІыгу ттрахами кърагъэкІуащ, ауэ ди адыгбзэр хэти хуэгъэкІуэдакъым, тІурахыни ялъэкІакъым. Псынэр пкудэжмэ нэгъуэщІ щІыпІэм къызэрыщыщыдыжьм, жыг ираупщІыкІам и лъабжьэр къызэрыдзэкІыжьм хуэдэу ди адыгэбзэри зэуэ-мафІэм кьелащ, лъэхъэнэ бзаджэхэри къызэринэкІащ.

«Зи бзэр фІыуэ зымылъагъум и Хэкум гулъытэ нэс хуиІэнукъым. Зи бзэр зыфІэмыІуэху щІыпІэм къызэрыщыщыдыжьм, жыг ираупщІыкІам и лъабжьэр къызэрыдзэкІыжьм хуэдэу ди адыгэбзэри зэуэ-мафІэм кьелащ, лъэхъэнэ бзаджэхэри къызэринэкІащ.

«Зи бзэр фІыуэ зымылъагъум и Хэкум гулъытэ нэс хуиІэнукъым. Зи бзэр зыфІэмыІуэху щІыпІэм мыгъасэщ. Абы и бзэр къыщыфІэмыІуэхур и лъэпкъым и блэкІари, нобэри, къэкІэнури зыуи къридзэрэкъымкІ араш», - жиІэ Іаущ Паустовскэм. Гупсысэшхуэ зыщІэлъ тІу пыдалхэр тщІымыгъупщэу дыщытын хуейщ дэтхэнэ адыгэри. ИтІанэщ ди къэкІуэнур хуэупсэгъуэ зыщІын щІэблэ узынщэ, зи щхьэм, зи бзэм пщІэ хуэзэщІыж щІыху дыщыхьунур.

Зы лъэпкъ псо зэгурызыгъаІуэ бзэщ ди адыгбзэр, ар яІурылъащ зи напэм япэ псэр изыгъэщэ щІыху щэджащэ куэдым. Урыс литературэр иропагэ Пушкин Александр усэбзэкІэ итха и «Евгений Онегин» романым, усыгъэмрэ псэмрэ я лъагъуэр хэзыша Лермонтов Михаил... Дауэрэ умыщІэнрэ Горький Максим, Толстой Николай сымэ я Іэдакъэщ1экІ щэджащэхэр зэратха бзэр? Ари щхьэпэщ, псэм фІэфІщ. Ауэ псом япэр уэ къыбдалъхуа, сэ къыздалъхуа бзэращ. Абы зыри иридзуэфынукъым. Я нэхъ лъагаиІэ дыдэм тетщ си лъэпкъ мащІэм и классик Щоджэнцыкіу Алий и «Къамботрэ Пацэрэ» романыр. Уэхъутэ Абдулыкъ и «Іэсят и мывэ» повестыр...

Ди лъэпкъыр дыззэрыгушхуэ тхакІуэщ Брат Хьэбас, Кхъуэхъу Цуцэ, Хьэкъун Исуф, Ахъмэт Мухьэдин, нэгъуэщІэхэри. Сынасыпынщэу зыслъытэжьинут, абыхэм я тхыгъэ тельыдджэхэм седжэн папщІэ нэгъуэщІ бзэ къзэгъасэбэпын хуей хъуамэ. Гум нэсыр гум къыбгъэдэкІыращ икІи зэи зэщхъ хъунукъым анэм и бзэмкІэ псэм кьеджащІэу ятхамрэ хамэбзэм ирагъэзэгъымрэ зэрызыхэлІащІэ.

Дахэщ ди бзэр, хуэпщІафІэщ, пшынэбзэ шэщІауэ мэбзэрабзэ. А зэщІэпщІыпщІэр уи гум ІэпанІэ зэмыфэгъуу, нурыбзэу къэутонэ, уи псэр екьэху. А дахагъэр тфІэмыкІуэду пщэдейрей махуэм нэтхьэсыфын, къыкІэлъыкІуэ лІэщІыгъуэхэм гъащІэ щІиэу адыгбзэр щыІун папщІэ, нэхъыщхьэу къэсІыытэр адыгбзэм ирипсысэ, иритхэ, иреджэ, жьабзэ дахэ Іурылъу ирипсалъэ щІэблэу дыщытынраш.

Бзэ лъэрызехьэ куэд тетщ дунейм, къэралышхуэхэм я бзэ хъуауэ, цыху куэд ирипсалъэу. Адыгэгу зыкІуэцІылъым, адыгэпсэ эыІутым и бзэр абыхэм нэхърэ зыкІи нэхъ фІэцІыкІыгъуэкъым. Къэбэрдей усакІуэ Щоджэн Аслъэнджэрий итхащ бзэм теухауэ сатыр гъуэзэджэхэр:

Зи бзэр зымыдэу зы лъэпкъ щымыІэ,
Зи бзэр зыхъумэр мис ар лъэпкъ
къабзэщ,
Бзэм пщІэ хуэщІыныр лъэпкъхэм
я хабзэщ...

Адыгбзэм ди дежкІэ мыхьэнэуэ иІэр зыхуэдизым, ар зи уасэм ехьэлІауэ куэд хужаІащ ди япэ итa нэхъыжьыфІхэм, тхакІуэ цІэрыІуэхэм. «Дуней нэхум япэ псалъэр хэзызрыщысщІар си анэдэлъбзэращ», - итхащ Мэшбашэ Исхьэкъ. Жыс1эну сыхуейщ бзэми Іуэрылъатэми уІэвлІэ ин зэрыщаубыдыр, мыхьэнэшхуэ зэриІэр ди адыгэ псалъэжь дахэхэм. Бзэм и хабзэмкІэ адыгэхэм зэи уи нэр кьрищІу жэуап къыуиткъым, атІэ псалъажь щІагьыбзэ, нэгъуэщІхэри бзэм кьегъэсэбэп, бзэр дахэ ещІ.

Щ1ыэкъым бзэ цІыкІу е бзэ ин. Си адыгбзэр а нэхъ бзэ ин дыдэхэм, дахэхэм, нэхъ куухэм, нэхъ щэрыуэ-Іэрыхуэ дыдэхэм ящыщ. ДиІэкъым дэ хуитыныгъэ ар дымыхъумэну. Зи щхьэ пщІэ хуэзыщІыж лъэпкъым и бзэр сыт щыгъуэ игъэпсэунущ, иІэгъэхэнущ, игъэкъэбзэнущ. Бемырзэ Мухьэдин и усэм щыжеІэ: «Адыгэу нобэ ущытыныр гуГъущ, Адыгэу нобэ упсэунырэ хьэлъэщ». Адэкіи щІоупщІэ:

«Ауэ сыт щыгъуэт щыщытар
ар тыншу?
Къэвгъуэтыт тхыдэм зэ щищІыж
ди гугъу,
Ди гъащІэр тхьауэ дэ къэзэуатынщэу?»

Апхуэдизэ зи лъапІагъ мы дунеишхуэм цІэрыІуэ щыхъуа адыгагъэр лъэпкъым ар ихьуэжурэ кьиГъэщІакъым, атІэ махуэ къэс, сыхьэт къэс, дакъикъэ къэс елэжьурэ, зихьумэжурэ, игъэдахэурэ игъэпсащ. Апхуэдизэ бзэлыхьэзабрэ тхыдэм щызышэча, илъэсищэ зауэмрэ истамбылакІуэ гуІэгъуэмрэ кьела си лъэпкъри ди бзэри хэмыкІуэдэжьи щхьэкІэ хэти тхуэзэфІэкІыр тщІэн хуейщ. Ди бзэр сэбэп кьытхуохьу адыгэ лІэкъуэм зэхуихьэса щІэныгъэр, лъэпкъ щэнхабзэр джьынмкІэ. Ди еджапІэм сыщыщІыхьа япэ илъэсым къыщыщІэдзауэ сэ куууэ зыхэсащІащ анэдэлъхубзэм и Іэфіагъыр, и къарур, и лъэщагъыр. А гурыщІэ Іэфіхэр си лъым хэту сыкъэтэджащи, сыкъэпыфІэу зыІозбжькІи.

Исъэ 140-рэ илэкІэ, 1863 гъэм, Нэгумэ Шорэ жиІэгащ: «Сэ сымылъагъункІи хъунщ а дакъикъэ Іэфіыр – си лъэхъэм щІэныгъэншагъэр Іэщ1ыб щиущыну лъэхъэнэр; сыт хуэдизу гуэхъуэгъуэ зыхэсащІент сэ абы щыгъуэ... Хьгъэмрэ къэхъугъэмрэ зи Іэмырым солъэІу анэдэлъхубзэм хэзиІа лъагъунигъэр здэзыгуэшын щІэблэ си ужь къиХъуэну».

ФІыуэ слъагъу си адыгбзэм теухауэ мы си усэри:

Адыгбзэ, си лъэпкъ дыщэм и бзэ!
ЦІыхум и гуращэр наІуэ зыщІ.
Гуауэр зыгъэщащэ, жьр
зыгъэущыкъуей
ЦІыхум и гупсысэр жан хуэзыщІ.
Адыгбзэ, къаруушхуэ зиІэ,
Зи лъэпкъ и пэжыр зыгъэуф.
Мыл Іув щтахэр зыгъэвыж.
Узибзэм и щхьэр ину елъагуж.
Си адыгбзэзу гуфІэгъуэбзэ!
Хъуэхъубжьэ дахэ зэрыжаІэ.
Сабий къэхъуамэ, и анэбзэ.
Адыгщ си бзэр жыбогъэІэ.
Іущыгъэр уи ІункІыбзэщ, адыгэбзэ.
Гуапагъэр уи Іэпэгъуурэ уопсэу,
«Анэ» псалъэ дахэр ирижаІэ
Хэкум ухуэусэурэ уопсэу.
Адыгбзэзу инжьджыпсу кІабзэ!
Си бзэр толъкъун лъэщу къэукъубей.
Дыщэ жыгыу зи жьлэр купщафІэ,
Ди лъэпкъ тхыдэр ену зыгъэбей.

ЛИЙ Майе,
егъэджакІуэ.
Къэрэшей-Шэрджэс Республикэ,
Кӯэш-Хьэблэ къуажэ.

ЖьэрыІуатэм и къарур щІокІ

Пщ1э зыхуэсщІу мы тхыгъэм еджэну мурад зыщІа си ныбжьэгъу, цІыхубэр къэзыцІэна узыфэу нобэ сызытетхыхьнур уэ дыдэм къоузми пщІэркъым! Сыт хуэдэ цІыхуми фІэфІынукъым ар мыузыншэу къыщІебгъэдзмэ, ауэ дэтхэнэми зыхуэсакъыжьыр и къаланщ.

ЦІЫХУБЭР зэзэпх къарухэм я нэхъапэр псалъэщ! Си тхыгъэр зэхьэлІар ди лъэпкъыбзэ къудей мыхъуу, бзэуэ щыІэм я къарур зыгъэжьжьых Іэмалщ. Іуэхум гузэвэгъуэ нэхъыщхьэу хэлъыр нобэрей щІалэгъуалэр сыт хуэдэ бзэкІи Іэзэу зэрызэпсысъэфырщ. ГъэщІэгъэнэхъэ нобэрей дунейр: Іэщ1агъэрэ щІэнигъэу щыІэм зеужь, ауэ а псоми я лъабжьэкъыр бзэхэращи, тІэщІокІ! Сытепсэлъыхьын дэнэ къэна, Іуэхум и щытыкІэм сыщегупсыскІэ, соукІытэ икІи согузавэ. ИтІани, сытегушхуэнщи, зэрысхуэзэфІэкІым хуэдэу зэпкърысхьинщ.

Иджырей сабийкэр, сыт щыгъуи хуэдэу, къызэралъхуу гуІэгъэтэрэ гуапагъэкІэ яГъэнщІу япІ, аршхьэкІэ пасэу гъэсапІэхэм иратын хуей мэкъу. Зи псэпэкІэм зимыужьа, езым хуэдэ сабий гуп хэхуэ цІыкІум, дауэ пщІыми, зыхуей псори щигъуэтыркъым садым. Щагъашхэ, щагъэжей, щагъасэ, щІэныгъэ гуэрхэри щрат, ауэ адэ-анэ гуІныгъэ щощІэ. Ахэр садым къызышыж адэ-анэхэр я нэхъыбапІэм зыщІэхъуэпсыр зыщ: Іэмалыншэ тІэкІу быным хуэдІэу зэрызагъэпсэхуныщ. Абы и бзэм зиужьыным ахэр егупсысыхьэркъым. Яянныкъуэ адэ-анэхэм ящІэраци, цІыкІуэхэм япэ псалъэу жрагъэІэхэм ящыщу хъуанагъэхэр. Ар бзэхэм я уэ нэхъ гуащІэщ, и хущхъуэгъуи къэгъуэтыгъуэйщ!

КъыкіэлъыкІуэу сабийр школым щІотІысхьэ, и зэманыр къоси. Абы щІэсуэрэ жып телефоныр къащтэ, иджыри къэс ар къэзымыгъэсабэпа зырыз яхэтыжмэ. Зэралъэ нэхърэ зэхуэтхэмэ нэхъ къащтэ мэхъу абдеж къыщыщІэдзауэ. Ари анэдэлъхубзэ къабзэкІэ зэхуэтхэу щытамэ, гур апхуэдэуи узынтэкъым. Ди щІыпІэм апхуэдэ анэбзэ кьабзэ щыгъуэтыгъуейщ. Щыбгъуэтынур адыгбзэ-урысыбзэрэ балъкъэрыбзэ-урысыбзэрэщ, зэхэтхъуауэ, зэхэуухэнауэ. Лъэпкъыбзэщхэм урысыбзэмэ зэрыкъэмыІэзэм кьыхэкІкІэ, щІалэгъуалэм а бзэщІэхэр кьагъэсэбэп, уеблэмэ лъэбыдкІэ ди республикэми ахэр щыцвауэ жьпІэ хъунущ.

Си гур нэхъ лейуэ зыгъэпІейтеи мы Іуэхум хэлъщ! Пэжыр жьыфІэт, куэдрэ фрилъэпІэрэ фэ зи бзэм и дагъэзмкІэ фрыкьыдзэзыхьэх цІыхуэхм? Сэ зи гугъу сщІыр зэрыцІыхуКІэ зыщыгъупща ди щІалэгъуалэращ, хэбгъэзэныхьэ, Интернетым и Іэмал кьудейкІэщ куэдым я гупсысэр зэрызэтрагъэхуэфыр. Хэт кьызэжиІэфыну, зы гупу зэхэс щхьэкІэ кьамыгъанэу, щхьэж я телефоныр я нэкІым Іулъу зэбгъэдэсхэр фІэгъэщІагъэуэну? Ди жагъуэ зэрыхьунщи, псори дескжащ апхуэдэ теплъэгъуэм! Зы дакъикъэкІэ нэхъ мыхъуми фи нэгу къыщІэвгъэхьэ, Іуэхум зимыхъуэжмэ, дэ бзэмыІу дуней кьызэрыгтпэщыльыр!

Ар шынагъуэщ. Абы девгъэгупсыс.

ДЖЭДГЪЭФ Беслъэн.

Гъуэгу къежьапІэ

КІЫЩОКЪУЭ Алим

«Адыгэбзэр сыт щІэдджынур,
Зыдыиэсыр Къалэкіыхьырщ», -
Ар ауану Іэджэм жаІэр.
Мышыу псалъэм тІэкІу хэчыхьу.
Щ1ызэхэсхкІэ сэ а псалъэр
А гушыІэр сигу темыхуэ.
Станцым нэскІэ унигъэсэщ,
Ар бзэм дежкІэ уфІэмащІэ?
Бзэр шу ЛъагъуэМ хузогъадэ,
Бгъуэзу щытми, станцым нос.
Унэсакъэ – гъущІ гъуэгушхуэм
КъыщІпэпльъу тетыр поездщ.
Уи гъуэгуанэр жьжьэу щытрэ,
УкІуэфынум къыумыгъаззу -
Шым епсыхи, кІуэ мафІэгукІэ,
Тетщ а гъуэгум вагъуи мази.
Сэ шу лъагъуэр зэпызмычу,
ГъущІ гъуэгушхуэм сытехьакъым,
Адыгэбзэр зэзмыгъащІэу,
Урысыбзэр сщІэн сльэкІакъым.
Іуащхьэмахуэ тельэ уэс къабзэу,
Сянэм и бзэр сэри сфІэфІт!

Си букварыр зэІуСхауэ
Сыкъеджажэ, мазаер уэфІт.
Ноби школым кІуэм я тхьилъыр
Я блэгущІэм цІыкІуэм щІэлъщ,
Урысыбзэм и гъуэгушхуэм
Нытехьэну я гум хэлъщ.
Адыгэбзэр, хэт фІэгугъуми,
Ещхьщ си дежкІэ псыІэрышэм.
Ар уэрэду зэхьзохьр,
Къурши губгъуи къыдэушу.
Хэт ухуейми сыкъыдожэ,
Іэджэм япэ сэ сищащ.
Адыгэбзэ зэ ди щхьэм
Ар сымыщІэу щытыгъатэм,
Ар сымыщІэу щытыгъатэм,
КІэщІ дыдэнут сэ си гъащІэр.
Сянэм и бзэу си нэм хуэсхь,
Уэ къыптехуэр схуохъу удын.
Гъуэгу тетыныр сэ щызэхкІэ,
Уи Іэр сІыгъыу сухынщ.



Лъыр утхъуауэ къысфІощІ

Анэдэлъхубзэр сыт цІыху щхьэхуэм, лъэпкъ псом дежкІэ? Тхьэм къыІурилъхьэри ирипсэуну кьрита фІыгъэщ. И лъым хэтщ, лъэпкъ цІыхум и хьэл-щэныр ипсыхьу. Пэжщ, бзэм хьэл-щэныр епсыхь. Ди адыгбзэм къыдокІуэ хабзэ-нэмысри, щэнхабзи, зыІыгъыкІи, зыщІыкІи, цІыху хэтыкІи, дуней тетыкІи. Мо зэкІэлъыхьа-зэпыщІам зы къуэпс къыхэпчмэ, ар псо хъужыркъым – зэкІэщІокІ. АтІэ, ардей къуэпс псори къызыбгъэдэкІыжыр бзэращ. Бзэмрэ псэмрэ зэгъусэщ. Гугъу иджы адыгбзэкІэ упсэльэну? Хьэуэ, псэ хэплъхьэмэ, гугъукъым. Аращ тфІэкІуэдыр – псэращ. Псэм дегугъун, дытелэжьэн хуейщ. Бзэр мэкІуэд жьІтІэ щхьэкІэ, ар здэкІуэ щыІэкъым. Псэр мэкІуэдри, бзэр тхуэмыгъэжьаруужу аращ армыхьумэ. Псэ хомылъхьэу уэрэд жьипІэфынукъым, ухьэфэфынукъым, сурэт пщыфынукъым, фащэ бдыфынукъым. Псэ хомылъхьэу анэдэлъхубзи пхуэхъумэнукъым. Ди псэр дгъэнщІыжьын хуейуэ аращ.

Бзэм гъуни, нэзи, лъащІи иІэкъым. ИгъащІэкІэ къэттІэщІын, зызыщІдгъэнщІын фІыгъуэ мэхъу. Дэ диІэ фІыгъуэм ди щІэблэр хэдныну щхьэ дыхуиту къытщІыхьуэр языныкъуэхэм? Ди псэр кІуэдауэ, дыщхьэзыфІэфІщи. ЗыкъэтщІыхужьыркъымки. Ди зэманым адыгбзэм теухуауэ гупсысэ жьгъей куэд щІыхуэм ягу кьэкІыр. Ар лъэпкъ хьэлым къыщхьэщыкІа гупсысэщ. Бзэ хъугъуэфІыгъуэр нэгъуэщІ «хъугъуэфІыгъуэ нэпцІ» гуэрхэмкІэ яхъуэж. Щ1ыхуэм и ныбэр измэ, и псэр нэщІми къыщыригъэззэгъыф щыІэщ.

Адыгэныр псэм и щытыкІэщ. «Мыгурыфі гурей», усакІуэшхуэми зэрыжиІауэ. ФІэкІыпІэ зимыІэщ ар. ЛъагъунитІэм хуэдэщ... Адыгэныр япэ дыдэу зэспхыр хабзэ-бзыпхъэ жьхуэятІэхэр араксым. Ахэр лъэпкъыр къэгъэгурыкІуэурэ гъащІэм кьыхэх хьэл-щэн щхьэхуэщ. Абыхэм я мыхьэнэр инщ. Ауэ нэхъыщхьэжу къызэлъытэ ПлъымхэтщэнкІэ. ЛІыгъэмрэ адыгэм и лъым хэтщ, псалъэм папщІэ. ГъащІэм кьыхэкІ хьэл-щэн жьыхуэтІэхэри абыхэм кьелъытыжащ. Лъым, кьупщхьэм епхауэ си гугъэщ адыгэу ущытынымкІэ хэлъ ар нэхъыщхьэр. «И лъым хэтщ», жи. Абы кьызэпкърихыу си гугъэщ удыгэным и мыхьэнэр. Сыт адыгэ псори щІэмыадыгэфыр? ПЫыр утхъуауэ къысфІощІ...

Гугъу адыгэу ущытыныр, упсэуныр? Лъэпкъ укъызэрызэкІам щхьэкІэ узэбакъуэ мыхъу Іузкугъуэ куэд щыІэщ. Абыхэм гугъу кьыщІащІыкІэ хъунщ удыгэкІэ. Ауэ гугъуэхь жьыхуэтІэм и мыхьэнэри щхьэж къызэрыгурыІуэщ. Псэм щхьэкІэ, абыхэм и лІыгъэм нэгъуэщІ къеплъмэ, абы гугъу иригъэхьу кьыльытэнри хэлъщ. Е гухэлъым хилъхьэ щхэр нэгъуэщІ лъэпкъым щыщым къыгурымыІуэнкІэ хъунщ. Е дэ «емыкІуу» жьхуэтІэхэр нэгъуэщІым къригъэкІуфынущ. Ауэ дэ ахэр додэ, тфІэдахэщ, ди гум дохьэ. Мис абыхэм адыгэр дытезыгъэтыр ди лъым и къарурщ. Армырамэ, ди псэр тынышнукъым. АтІэ, удыгэрэр уэзрыадыгэм уи псэр игъэтынышмэ, а гугъуехьэри апхуэдэ дыдэу гугъуехькъым.

Дуней псор зытхьакъу шыфэлыфэрэ зыІыгъыкІэрэ зиІэ адыгэр тхьэм фІыуэ кьилъэгъуа лъэпкъщ!

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Іэщэу щыІэм я нэхъ гуащІэ

Лъэпкъыр лъэпкъ зыщІыжьр, и бзэмрэ и хабзэмрэщ. Ар щІыхуэ къыдальху, къыдогъуэгурыкІуэ, и псэм хуэмыхьыну мэхъу. НобэкІэ дунейм бзэ 7151-рэ тету жаІэ. А псоми уахэплъэжмэ, нэхъыжь дыдэхэм ящыщу адыгэбзэр... ЩІыуэпсыбзэр, мазкъыбзэр, ди анэдэлъхубзэ дахэр.

СЫТ щыгъуэ-тІэ адыгэбзэр къыщыунэхуар? Языныкъуэ щІэныгъэлІэхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, бзэр зэрымыщІыкІэ къэунэхуащ, цІыхум щІыуэпсым щыззэхи макъэкъэр тегъэщІапІэ ищІу и щхьэм илъыр къриІуэтэн папщІэ. Мы еплъыкІэм и телъхьэщ «ЩІы Уэ Псы Бзэ» тхылъыр эи Іэдакъэщ1экІ Токъмакъ Айдынрэ «Адыгэбзэ - макъыбзэ» тхылъыр зытха Бер Хьикмэтрэ.

- ЦІыхум и щхьэм илъыр къиІуэтэн папщІэ тэрмэщыр кьыгупсысащ псом япэ. Ауэ а тэрмэшыр зэрымащІэр кьыгурыІуэщ, гурымын щІгъэтри, щІыуэпсым щызэхих макъэкъэр кьыгъэсэбэпурэ, языныкъуэ Іуэхугъуэхэм цІэ фІищащ, щІэІэцІэхэр кьигупсысащ. Псалъэм папщІэ, хы. Псыр щыхъейкІэ, узэщІэдэІукІмэ, макъ ещІ «ХХХыны» жиІэу. Ар щыІэцІэу псышхуэм фІищащ. Уэщх... Ш-ш-ш жиІэу, уэм къех жьхуиІэу. Аращ уэсри. Бжэн къиуКІам «лъ-лъ-лъ» жиІэу щІэж плъыжьыгъэм «лъы» фІищащ. Ауэ, зэрыхуэзгъэфащэмкІэ, япэ дыдэу кьыгупсыса псалъэр «хьэ» жьхуиІэращ. Пасэрейм «хьэ» жиІэмэ, «цІыху» кьригъэкІыу арат, кьижьыхьауэ, ешауэ етІысэха нэужь «хьэ-хьэ-хьэ» жиІэу, хьэлъэу зэрыбгаум щхьэкІэ. Хьэ псэущхьэм хьэ щІыфІищари аращ, абы и бзэгур кьидзауэ, бауэкІэщІу «хьэ-хьэ-хьэ» жиІэри. Адыгбзэм псалъэ куэд дыдэ хэтщ «хьэ»-кІэ кьригъажьэу. Зэрыма-къыбзэр къапщтэмэ, ар япэ дыдэ цІыхум къыІурихьа бзэуэ зэрыщытым шэч кьытесхьэрэкъым, си щхьэкІэ, - жеІэ Токъмакъым.

Пэжу, биолог гуэрхэр арэзы тохъуэ цІыхур къэзыухъуреихь, зыхэпсэукІ щІыуэпсым щызэхих, псэущхьэхэм къагъэІу макъхэм щІэдэкІыуІэрэ, езым и бзэр зэриухрам, цІыхум и акъылым зиужьыху, псалъэхэри нэхъыбэ зэрыхуам. Зоологхэм зэрыжаІэмкІэ, псэущхьэхэм кьагъэІу макъхэмрэ зэрызэщІыпрэ хуитыжькъым, зашыІэфырыкъым. Псалъэм папщІэ, хьэр щышынэм деж зыгъэшынам йобэн, мыурыдзэжьыфу. Ауэ, псэущхьэхэм кьагъэІу макъхэмрэ зэрызэщІыпрэ хуитыжькъым, зашыІэфырыкъым. Псалъэм папщІэ, хьэр щышынэм деж зыгъэшынам йобэн, мыурыдзэжьыфу. Ауэ, псэущхьэхэм кьагъэІу макъхэмрэ зэрызэщІыпрэ хуитыжькъым, зашыІэфырыкъым. Псалъэм папщІэ, хьэр щышынэм деж зыгъэшынам йобэн, мыурыдзэжьыфу. Ауэ, псэущхьэхэм кьагъэІу макъхэмрэ зэрызэщІыпрэ хуитыжькъым, зашыІэфырыкъым. Псалъэм папщІэ, хьэр щышынэм деж зыгъэшынам йобэн, мыурыдзэжьыфу. Ауэ, псэущхьэхэм кьагъэІу макъхэмрэ зэрызэщІыпрэ хуитыжькъым, зашыІэфырыкъым. Псалъэм папщІэ, хьэр щышынэм деж зыгъэшынам йобэн, мыурыдзэжьыфу.

- Адыгэм тхьбзэ цІыкІуэ зы жьыпІэныр щыуагъэшхуэщ. Зы пасэрей хьэтхэм я гущІыпэ щІыкІуэ зы жьыпІэныр щыуагъэшхуэщ. Хьэтым, адыгэр кьызытетхъуКІыжам... «Хьэт дыгъэ» зыбгъэда жэз фэеплъми, адыгэ пщащэм и фащэм хидыкІ тхьэмпищым кьикІыр зыщ – щыхъумэ! Уэм кьикІ Щ1ыбгъэ кьаузм дыщыхъумэ, бийм дыщыхъумэ, чысэм тет тхьэмпищри – «щыхъумэ»-щ. Псори зы Іуэтэкіэ щІыкІэщ, зы тхьэпэІущ. Кириллицэр дыгъуасэрей лІэщІыгъуэщ... Нэхъ кууУуэу деІэбзэкьиН хуейщ адыгэм и тхьбзэр кьэттІэщІын щхьэкІэ, - пещэ Токъмакъ Айдын.

Бзэр щІэныгъэрылажьэхэм зэрыжаІэмкІэ, адыгбзэр индоевропеибзэхэм жьжьэрэ-гъунэгъуу емыкІуалІэу, щхьэхуэу къогъуэгурыкІуэ. Ауэ щыхьэкІэ, абы и щыбагъ кьыдэзыщІ тхьдэщхуэ, щІэльщ къаруушхуэ, кьызэригъэщІа дыдэм хуэдэу ноБэм кьыщыысыфакІэ, зыщихьэмэжьафакІэ.

КъызэрызгурыІуамкІэ, ар бзэ щхэщ, адыгэм кьыщыжьмащІа зы щІыхуэ кьеджэфынукъым. Тхыгъэм кьыщыщІуэтэр зэхэзгъэкІауэ жьпІэ хъунущ, абы кьыщыгъэгъэгъуэ лъэпкъыщІэхэри наІуэщ, - жеІэ ПхытІыкІым.

Лъэпкъ дамыгъэхэмрэ дызыщыгъуаз алфавитхэмрэ кьыщынэмыщІауэ, пасэрей адыгэм иІащ иджыри зы тхьбзэ – тхьпхэр.

- Тхьпхъэр бзэм и зы Іуэтэкіэщ. Абы и мызакъуэу, адыгэм гъущІым, пхъэм, ятІагъуэм кьыхищІыкІыу щыта хъэпшып щІыкІуэхэмкІэ кьыдэпсалъэу арат. Мейкъуапэ культурэмрэ Анадолэм кьыщыщкъуахэ хьэт фэеплъхэмрэ зы лъэпкъщ щыуагъэшхуэщ. Хьэтым, адыгэр кьызытетхъуКІыжам... «Хьэт дыгъэ» зыбгъда жэз фэеплъми, адыгэ пщащэм и фащэм хидыкІ тхьэмпищым кьикІыр зыщ – щыхъумэ! Уэм кьикІ Щ1ыбгъэ кьаузм дыщыхъумэ, бийм дыщыхъумэ, чысэм тет тхьэмпищри – «щыхъумэ»-щ. Псори зы Іуэтэкіэ щІыкІэщ, зы тхьэпэІущ. Кириллицэр дыгъуасэрей лІэщІыгъуэщ... Нэхъ кууУуэу деІэбзэкьиН хуейщ адыгэм и тхьбзэр кьэттІэщІын щхьэкІэ, - пещэ Токъмакъ Айдын.

Бзэр щІэныгъэрылажьэхэм зэрыжаІэмкІэ, адыгбзэр индоевропеибзэхэм жьжьэрэ-гъунэгъуу емыкІуалІэу, щхьэхуэу кьогъуэгурыкІуэ. Ауэ щыхьэкІэ, абы и щыбагъ кьыдэзыщІ тхьдэщхуэ, кьызэригъэщІа дыдэм хуэдэу ноБэм кьыщыысыфакІэ, зыщихьэмэжьафакІэ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5,ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытыгащІ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хунтІыныгъэр хъумэнымкІэ КъБР-м щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 1.705
Заказ №503